# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

14.12.1996-ж. №227/1

# АКЦИОНЕРЛИК ЖӘМИЙЕТЛЕР ҲӘМ АКЦИОНЕРЛЕРДИҢ ҲУҚЫҚЛАРЫН ҚОРҒАЎ ҲАҚҚЫНДА

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген
15.12.1997-ж. 299/I-санлы ҚР Нызамы
10.09.1998-ж. 388/I-санлы ҚР Нызамы
09.10.2004-ж. 293/II-санлы ҚР Нызамы
29.08.2007-ж. 141/III-санлы ҚР Нызамы
26.12.2007-ж. 180/III-санлы ҚР Нызамы
25.04.2009-ж. 240/III-санлы ҚР Нызамы
08.10.2009-ж. 251/III-санлы ҚР Нызамы
28.12.2010-ж. 64/IV-санлы ҚР Нызамы
30.06.2011-ж. 88/VI-санлы ҚР Нызамы

## 1 БӨЛИМ
## УЛЫЎМА РЕЖЕЛЕР

### 1-статья. Акционерлик жәмийетлер ҳәм акционерлердиң ҳуқықларын қорғаў ҳаққында нызамлар

Акционерлик жәмийетлерди дүзиўге, олардың жумысына ҳәм оларды сапластырыўға, акционерлердиң ҳуқықларын қорғаўға байланыслы қатнасықлар усы Нызам ҳәм Қарақалпақстан Республикасының басқа да нызам актлери менен тәртиплестириледи.

Аўыл хожалығы, банк, инвестиция ҳәм қамсызландырыў жумысы салаларында акционерлик жәмийетлерди, сондай-ақ мәмлекетлик кәрханаларды меншиклестиргенде акционерлик жәмийетлерди дүзиў ҳәм олардың ҳуқықый жағдайының өзгешеликлери нызамлар менен нәзерде тутылған тәртипте белгиленеди.

### 2-статья. Акционерлик жәмийеттиң ҳуқықый жағдайы

Уставлық қорды белгили сандағы акцияларға бөлинген, акционерлерге байланыслы жәмийеттиң миннетлерин тастыйықлаўшы хожалық жүргизиўши субъект акционерлик жәмийет болып танылады.

Жәмийет нызамлар менен қадаған етилмеген жумыслардың қәлеген түрлерин әмелге асырыўда тийисли ҳуқықларға ийе болады ҳәм миннетлерди атқарыў ўазыйпаларын мойынлайды.

Жәмийет юридикалық тәреп болып табылады ҳәм өз меншигинде оның өз алдына балансында есапқа алынатуғын бөлек мүлкине ийе болады, өз атынан мүлклик ҳәм жеке мүлклик емес ҳуқықлар алыўы ҳәм әмелге асырыўы миннетли болыўы, судта даўагер ҳәм жуўапкер болыўы мүмкин.

Жәмийет оны белгиленген тәртипте мәмлекетлик дизимге алған ўақыттан баслап юридикалық тәреп ҳуқықына ийе болады. Егер оның уставында басқаша белгиленген болмаса, жәмийет мүддетлери шекленбей дүзиледи.

Жәмийет Қарақалпақстан Республикасының аймағында ҳәм оның тысқарысында белгиленген тәртипте банк есапларын ашыўға ҳақылы.

Жәмийет өзиниң фирмалық атамасы мәмлекетлик тилде толық жазылған ҳәм жайласқан мәкан жайы көрсетилген дөңгелек мөрге ийе болыўы лазым. Соның менен бирге мөрде фирмалық атамасы қәлеген басқа да тилде көрсетилиўи мүмкин.

Жәмийет өзиниң атамасы жазылған штампларға ҳәм бланклерге, өз эмблемасына, сондай-ақ, белгиленген тәртипте дизимге алынған товарлық белгисине ҳәм салыстырып көрип анықлайтуғын басқа да нышанларға ийе болыўға ҳақылы.

Жәмийет нызам ҳүжжетлеринде қадаған етилмеген ҳәм шөлкемлестириў ҳүжжетлеринде көрсетилмеген қәлеген жумыс түри менен нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте шуғылланыўы мүмкин. Жәмийет шөлкемлестириўшилери шөлкемлестириў ҳүжжетлеринде жумыстың тийкарғы түрлерин ғана атап өтиўге ҳақылы.

**3-статья. Жәмийеттиң атамасы ҳәм мәкан жайы**

Жәмийет өзиниң фирмалық атамасына ийе болады, онда жәмийеттиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый формасы ҳәм түри (жабық ямаса ашық) көрсетилиўи тийис.

Жәмийет мәмлекетлик тилде ҳәм соның менен бир ўақытта жәмийеттиң таңлаўы бойынша басқа да тиллерде өзиниң толық ҳәм қысқартылған атамасына ийе болыўға ҳақылы.

Жәмийеттиң мәкан жайы оның мәмлекетлик дизимге алынған орны менен анықланады.

Жәмийет оның менен байланыс әмелге асырылатуғын почталық адресине ийе болыўы тийис ҳәм өзиниң почталық адреси өзгергени ҳаққында юридикалық тәреплерди мәмлекетлик дизимге алыў уйымларына билдириўге миннетли.

**4-статья. Жәмийеттиң жуўапкерлиги**

Жәмийет өзиниң миннетлемелери бойынша өзине тийисли барлық мүлки менен жуўапкер болады.

Акционерлер жәмийеттиң миннетлемелери бойынша жуўап бермейди ҳәм оларға тийисли акциялардың баҳалары шеклеринде жәмийеттиң жумысына байланыслы болған зыян көриў қәўпин мойнына алады.

Акциялар ушын толық көлемде төлемеген акционерлер жәмийеттиң миннетлери бойынша өзлерине тийисли акциялардың баҳасының төленбеген бөлеги шеклеринде бирликте жуўапкерлигин мойнына алады.

Жәмийет өз акционерлериниң миннетлери бойынша жуўап бермейди.

Егер жәмийеттиң төлеўге шамасы келмейтуғын жағдайы (банкротлығы) жәмийет ушын миннетли болған көрсетпелер бериў ҳуқықына ийе акционер сыпатында ҳәрекет етиўши адамның тийкарсыз ҳәрекетлеринен пайда болса, онда усы акционерге жәмийет мүлкиниң жетиспеўшилиги жағдайында оның миннетлемелери бойынша қосымша жуўапкершилик жүклениўи мүмкин.

Акционерлик жәмийеттиң Уставында тийисли ҳуқық нәзерде тутылған жағдайда ғана, акционер миннетли көрсетпе бериў ҳуқықына ийе болады.

Жәмийеттиң төлеўге шамасы келмейтуғын жағдайы (банкротлығы) жәмийет ушын миннетли болған көрсетпелер бериў ҳуқықына ийе акционердиң ҳәрекетлеринен пайда болды, деп тек егер, ол усы көрсетилген ҳуқықты буннан кейин жәмийеттиң төлеўге шамасы келмейтуғын жағдайға (банкротлыққа) түсетуғынын алдын биле тура пайдаланған жағдайда ғана есапланады».

Мәмлекет ҳәм оның уйымлары жәмийеттиң миннетлемелери бойынша жуўапкер болмайды, сондай-ақ жәмийетте мәмлекет ҳәм оның уйымларының миннетлемелери бойынша жуўапкер болмайды.

## 5-статья. Акционерлик жәмийетлердиң түрлери

Акционерлик жәмийет ашық ямаса жабық болыўы мүмкин. Ашық акционерлик жәмийет шөлкемлестириўшилериниң ең аз қурамы шекленбеген, ал жабық акционерлик жәмийет шөлкемлестириўшилериниң ең аз қурамы үш адам муғдарында белгиленген. Жәмийет шөлкемлестириўшилериниң ҳәр бири оның акционери болыўы тийис.

## 6-статья. Ашық акционерлик жәмийет

Қатнасыўшылары өзлерине тийисли акцияларды басқа акционерлердиң келисимисиз өзгелик етиўи мүмкин болған акционерлик жәмийет, ашық акционерлик жәмийет болып танылады.

Ашық акционерлик жәмийет өзлери шығаратуғын акцияларға ашық түрде жазылыўды өткериўге ҳәм нызамлар талапларын есапқа ала отырып, оларды еркин түрде сатыўды әмелге асырыўға ҳақылы.

Ашық акционерлик жәмийет, жәмийеттиң уставы ҳәм нызам менен белгиленген тәртипте жабық түрде жазылыўды өткериў мүмкиншилиги шекленген жағдайлардан басқа жағдайларда, өзлери шығаратуғын акцияларға жабық түрде жазылыўды өткериўге ҳақылы.

Ашық акционерлик жәмийет акционерлерининң саны шекленбейди.

### 7-статья. Жабық акционерлик жәмийет

Акциялары тек оның қатнасыўшылары ямаса алдын ала белгиленген адамлар топары арасында бөлистирилетуғын акционерлик жәмийет жабық акционерлик жәмийет болып танылады.

Бундай жәмийет өзлери шығаратуғын акцияларға ашық түрде жазылыўды өткериўге ямаса басқаша түрде оларды шекленбеген адамлар топарының сатып алыўы ушын усыныўға ҳақылы емес. Жабық акционерлик жәмийет акционерлерининң саны елиўден зыят болыўы мүмкин емес. «Белгиленген шегарадан асып кеткен жағдайда ол жабық акционерлик жәмийетлер ушын муғдары акционерлердиң шекленген лимитинен асып кеткен шахслар акционерлер реестиринде дизимге алынған күннен баслап алты ай ишинде ашық акционерлик жәмийетке айландырылыўы, усы мүддет тамамланғаннан соң, суд тәртибинде сапластырылыўы шәрт».

Жабық акционерлик жәмийет акционерлери усы жәмийеттиң басқа акционерлери сатып атырған акцияларды үшинши шахсқа усынылып атырған баҳаларда ҳәм шәртлерде, олардың ҳәр бирине тийисли акциялар санына сәйкес рәўиште жеңилликли алыў ҳуқықына, егер жәмийет уставында усы ҳуқықты әмелге асырыўдың басқаша тәртиби нәзерде тутылмаған болса, ийе болады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң уставында, егер оның акционерлери акцияларды сатып алыў бойынша өзлериниң артықмашлық ҳуқықынан пайдаланбаған жағдайда, акцияларды сатып алыўға жәмийеттиң артықмашлық ҳуқықы нәзерде тутылыўы мүмкин.

Акционерлер тәрепинен сатылатуғын акцияларды сатып алыўдың артықмашлық ҳуқықын әмелге асырыў тәртиби оның мүддетлери жәмийеттиң уставы менен белгиленеди. Артықмашлық ҳуқықын әмелге асырыў мүддети акцияларды сатыўға усынған ўақыттан баслап отыз күннен аз ҳәм алпыс күннен көп болыў мүмкин емес.

### 8-статья. Жәмийеттиң филиаллары ҳәм ўәкилханалары

Жәмийет филиаллар дүзиў ҳәм ўәкилханалар ашыўы мүмкин. Оларға өзлери дүзген жәмийеттен мүлк бөлип бериледи ҳәм ол тастыйықлаған режелер тийкарында ҳәрекет етеди.

Филиалдың ямаса ўәкилхананың басшысы жәмийет тәрепинен тайынланады ҳәм жәмийет тәрепинен берилген исеним хат тийкарында ҳәрекет етеди.

Филиалдың ҳәм ўәкилхананың жумысы ушын оларды дүзген жәмийет жуўапкер болады.

Жәмийеттиң уставында оның филиаллары ҳәм ўәкилханалары ҳаққында мағлыўматлар болыўы тийис. Оның филиаллары ҳәм ўәкилханалары ҳаққында мағлыўматлардың өзгериўине байланыслы жәмийеттиң уставындағы өзгерислер ҳәм мағлыўматлар юридикалық тәреплерди мәмлекетлик дизимге алыў уйымына хабарландырыў тәртибинде бериледи. Жәмийеттиң уставындағы өзгерислер ҳәм мағлыўматлар усы өзгерислер үшинши тәреплер ушын хабарландырылған ўақыттан баслап күшине киреди.

Жәмийет тәрепинен Өзбекстан Республикасынан тысқарыда филиаллар шөлкемлестириў ҳәм ўәкилханалар ашыў, егер Өзбекстан Республикасының халық аралық шәртнамасында басқаша реже нәзерде тутылмаған болса, филиаллар ҳәм ўәкилханалар жайласқан жердеги мәмлекеттиң нызам ҳүжжетлерине муўапық әмелге асырылады.

**9-статья. Бөлинип шыққан ҳәм ғәрезли хожалық жәмийетлери**

Жәмийет юридикалық тәреп ҳуқықына ийе бөлинип шыққан ҳәм ғәрезли хожалық жәмийетлерге ийе болыўы мүмкин.

Бөлинип шыққан хожалық жәмийети өзиниң тийкарғы жәмийетиниң қарызлары бойынша жуўап бермейди.

Бөлинип шыққан хожалық жәмийетине оның ушын миннетли болған көрсетпелер бериў ҳуқықына ийе тийкарғы жәмийет, бөлинип шыққан хожалық жәмийети тәрепинен усындай көрсетпелерди орынлаў ушын дүзилген келисимлер бойынша оның менен бирликте жуўап береди. Тийкарғы жәмийет бөлинип шыққан хожалық жәмийетине оның ушын миннетли болған көрсетпелерди бериў ҳуқықына ийе деп, тек усындай ҳуқық бөлинип шыққан хожалық жәмийети менен дүзилген шәртнамада ямаса бөлинип шыққан хожалық жәмийетиниң уставында нәзерде тутылғанда ғана есапланады.

Тийкарғы жәмийеттиң айыбы менен бөлинип шыққан хожалық жәмийети төлеўге шамасы келмеў жағдайына (банкротлыққа) түссе, тийкарғы жәмийет оның қарызлары бойынша қосымша жуўапкер болады. Бөлинип шыққан хожалық жәмийети төлеўге шамасы келмеў жағдайына (банкротлыққа) тийкарғы жәмийеттиң айыбы бойынша түсти деп, тек тийкарғы жәмийет көрсетилген ҳуқықты ҳәм (ямаса) мүмкиншиликти, оның ақыбетинде бөлинип шыққан хожалық жәмийети зыян көретуғынын алдын-ала биле тура бөлинип шыққан хожалық жәмийети тәрепинен ҳәрекетлер ислениўи мақсетлеринде пайдаланған жағдайда ғана есапланады.

Бөлинип шыққан хожалық жәмийетиниң акционерлери тийкарғы жәмийеттиң айыбы менен бөлинип шыққан хожалық жәмийетине келтирилген зыянды өтеўди оннан талап етиўге ҳақылы. Тийкарғы жәмийет өзи ийе болған ҳуқықты ҳәм (ямаса) мүмкиншиликти, оның ақыбетинде, бөлинип шыққан хожалық жәмийети зыян көретуғынын алдын-ала биле тура бөлинип шыққан хожалық жәмийети тәрепинен ҳәрекетлер ислениўи мақсетлеринде пайдаланған

жағдайда ғана зыянлар тийкарғы жәмийеттиң айыбы менен келтирилген деп есапланады.

Егер басқа қатнасыўшы жәмийет биринши жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының жигирма процентинен асламына ийе болса, онда жәмийет ғәрезли хожалық жәмийети деп танылады.

Қатнасыўшы ҳәм ғәрезли хожалық жәмийетлер арасындағы өз-ара қатнасықлар нызамлар менен тәртиплестирилди.

## II-БӨЛИМ
## АКЦИОНЕРЛИК ЖӘМИЙЕТТИ ДҮЗИЎ

### 10-статья. Жәмийетти дүзиў усыллары

Жәмийет жаңадан юридикалық тәреп шөлкемлестириў ҳәм (ямаса) бурыннан бар юридикалық тәрепти қайта шөлкемлестириў (қосыў, бириктириў, бөлиў, айырып шығарыў, қайта дүзиў) жолы менен дүзилиў мүмкин.

### 11-статья. Жәмийетти шөлкемлестириў

Жәмийетти шөлкемлестириў жолы менен дүзиў шөлкемлестириўшилердиң (шөлкемлестириўшиниң) шешимине муўапық әмелге асырылады. Жәмийетти шөлкемлестириў ҳаққындағы шешим шөлкемлестириў жыйналысы тәрепинен қабыл етиледи. Жәмийет бир адам тәрепинен шөлкемлестирилетуғын болса, жәмийетти шөлкемлестириў ҳаққындағы шешимди сол адамның жалғыз өзи қабыл қылады.

Жәмийетти шөлкемлестириўшилер оны дүзиў ҳаққында өз-ара олардың жәмийетти шөлкемлестириў бойынша бирликтеги жумысын әмелге асырыў тәртибин, жәмийеттиң уставлық қорының муғдарын, шөлкемлестириўшилер арасында жайластырылыўы тийис акциялар типлерин, оларды төлеў муғдары ҳәм тәртиби, жәмийетти дүзиў бойынша шөлкемлестириўшилердиң ҳуқықлары менен миннетлерин белгилеп беретуғын шөлкемлестириў шәртнамасын дүзеди. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийетти шөлкемлестириў ҳаққында шешим шөлкемлестириўшилердиң даўыс бериў нәтийжелери ҳәм жәмийетти шөлкемлестириў, жәмийеттиң уставын тастыйықлаў, жәмийетти басқарыў уйымларын сайлаў мәселелери бойынша олар қабыл еткен шешимлерди сәўлелендириўи тийис.

Жәмийетти шөлкемлестириў, оның уставын тастыйықлаў ҳаққындағы ҳәм шөлкемлестириўши тәрепинен жәмийеттиң акцияларының баҳасын төлеў ушын тапсырылып атырған баҳалы қағазлар, басқа мүлклик ҳуқықлар ямаса пул менен баҳаланатуғын басқа ҳуқықлардың пул менен баҳаланылыўын тастыйықлаў ҳаққында шешимлер шөлкемлестириўшилер тәрепинен бир аўыздан қабыл етиледи.

Сырт ел инвесторларының қатнасыўында жәмийет дүзиў Қарақалпақстан Республикасы нызамларына муўапық әмелге асырылады.

Мәмлекетлик кәрхананы акционерлик жәмийет етип қайта дүзгенде, оны шөлкемлестириў ҳаққында шешим мәмлекетлик мүлкине бийлик етиў ўәкиллиги берилген уйым тәрепинен қабыл етиледи.

**12-статья. Жәмийетти шөлкемлестириўшилер**

Жәмийетти дүзиў ҳаққында шөлкемлестириў шәртнамасына қол қойған юридикалық ҳәм физикалық тәреплер акционерлик жәмийетти шөлкемлестириўшилер болып танылады.

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, егер нызамларда басқаша белгиленбесе, жәмийеттиң шөлкемлестириўшилери бола алмайды.

Жәмийеттиң шөлкемлестириўшилери оны дүзиўге байланыслы миннетлемелер бойынша мәмлекетлик дизимге алынғанға дейин бирликте жуўапкер болады. Жәмийет оны дүзиўге байланыслы шөлкемлестириўшилердиң миннетлемелери бойынша, тек акционерлердиң улыўма жыйналысы олардың ҳәрекетлери буннан былай мақуллаған жағдайда ғана жуўапкер болады.

Мәмлекетлик кәрхана акционерлик жәмийет болып қайта дүзилгенде, мәмлекетлик мүлкке бийлик етиў ўәкиллиги берилген уйым-оның шөлкемлестириўшиси болады.

Мәмлекетлик кәрханалар акционерлик жәмийетлер болып қайта дүзилгенде акцияларды бөлистириў тәртиби нызамларға муўапық әмелге асырылады.

Жабық акционерлик жәмийеттиң шөлкемлестириўшилери арасында акцияларды бөлистириў шөлкемлестириў ҳүжжети менен белгиленеди.

**13-статья. Шөлкемлестириў жыйналысы (конференция)**

Шөлкемлестириў жыйналысы (конференция):

акционерлик жәмийетти шөлкемлестириў ҳаққында шешим қабыл етеди ҳәм оның уставын тастыйықлайды;

акцияларға артықмаш жазылыўды қабыл етеди ямаса бийкарлайды.

Акцияларға артықмаш жазылыў қабыл етилген жағдайда тийислисинше уставлық қор көбейтиледи;

шөлкемлестириў барысында шөлкемлестириўшилер тәрепинен дүзилген шәртнамаларды тастыйықлайды; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

шығарылатуғын акциялардың типлерин ҳәм олардың санын белгилейди;

жәмийеттиң бақлаўшы кеңесин, тексериў комиссиясын сайлайды;

жәмийеттиң атқарыў уйымын дүзеди (сайлайды, тайынлайды). *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Шөлкемлестириў жыйналысында (конференциясында) даўыс бериў, шөлкемлестириўшилердиң қосқан үлеслерине муўапық өткизиледи.

Шөлкемлестириў жыйналысының (конференциясы) шешимлерин әпиўайы көпшилик даўыс пенен қабыл етеди.

Шөлкемлестириў келисимин өзгертиў туўралы шешимлер қабыл етиў жағдайлары буған кирмейди, бунда барлық шөлкемлестириўшилердиң келисими талап етиледи.

Мәмлекетлик кәрхана акционерлик жәмийет болып қайта дүзилгенде, шөлкемлестириў жыйналысы өткерилмейди.

**14-статья. Жәмийеттиң шөлкемлестириў ҳүжжетлери**

Шөлкемлестириў жыйналысы тастыйықлаған жәмийеттиң уставы оның шөлкемлестириў ҳүжжети болып табылады.

**15-статья. Жәмийеттиң уставы**

Жәмийеттиң уставында төмендегилер болыўы тийис:

«фирманың толық ҳәм қысқартылған атамасы ҳәм жайласқан орны (мәкан жайы);»

жумыс саласы (тийкарғы бағдарлары), мақсетлери ҳәм мүддетлери; *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

уставлық қорының муғдары;

уставлық қорды көбейтиў ҳәм азайтыў тәртиби;

шығарылатуғын акциялардың түрлери, олардың көрсетилген баҳасы, ҳәр түрли акциялардың өз-ара қатнасы;

дәраматты (пайданы), дивидендлерди бөлистириў ҳәм зыянларды өтеў тәртиби;

резерв ҳәм басқа да қорлар дүзиў тәртиби;

жәмийет қатнасыўшыларының ҳуқықлары ҳәм миннетлери;

жәмийетти басқарыў структурасы, атқарыў ҳәм қадағалаў уйымлары ағзаларының саны, олардың сайлаў тәртиби, олардың ўәкилликлери;

жыллық есапларды дүзиў, тексериў ҳәм тастыйықлаў тәртиби;

жәмийетти қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў тәртиби;

жәмийет тәрепинен акцияларды жайластырыў тәртиби ҳәм шәртлери. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң уставында бир акционерге тийисли акциялардың саны ҳәм олардың жалпы көрсетилген баҳасы бойынша шеклеўлер белгилениўи мүмкин.

Жәмийеттиң уставында нызамларға қарама-қарсы келмейтуғын басқа да режелер болыўы мүмкин.

Акционердиң, аудитордың ямаса қәлеген мәпдар адамның талап етиўи бойынша, жәмийет уставта белгиленген мүддетлер ишинде оларға уставқа киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшаларды қоса жәмийет уставы менен танысыў мүмкиншилигин бериўге миннетли. Жәмийет оған акционердиң талабына

муўапық жәмийеттиң ҳәрекет етип турған уставының көширме нусқасын бериўге миннетли.

**16-статья. Жәмийеттиң уставына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ямаса жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставын тастыйықлаў**

Жәмийеттиң уставына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ямаса жәмийеттиң уставын жаңа редакцияда тастыйықлаў усы Нызамда ҳәм жәмийет уставында белгиленген тәртипте акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине муўапық әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**17-статья. Жәмийетти мәмлекетлик дизимге алыў**

Жәмийет, нызамлар менен белгиленген тәртипте мәмлекетлик дизимге алыныўға жатады.

Дизимге алыў ушын жәмийет дизимге алыўшы уйымға уставын ҳәм нызамда нәзерде тутылған басқа да ҳүжжетлерди усынады. Мәмлекетлик кәрхананы қайта дүзиў жолы менен дүзилген акционерлик жәмийет уставын усынады.

Жәмийетти дүзиўдиң нызам менен белгиленген тәртибин бузыў ямаса оның шөлкемлестириў ҳүжжетлериниң нызамға муўапық келмеўи мәмлекетлик дизимге алыўдан бас тартыўға алып келеди. Жәмийетти дүзиў мақсетке муўапық емес деген себеп пенен дизимге алыўдан бас тартыўға жол қойылмайды. Мәмлекетлик дизимге алыўдан бас тартыў, сондай-ақ, дизимге алыў мүддетлерин бузыў жағдайларында судқа шағым етилиўи мүмкин.

Жәмийет, тек нызам менен белгиленген жағдайларда ғана қайта дизимнен өткериледи.

«Акционерлик жәмийет мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеден баслап алты айдан аспаған мүддетте жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысы ҳаққындағы, бақлаў кеңеси ҳаққындағы ҳәм атқарыў уйымы ҳаққындағы (тийислисинше директор, басқарма, дирекция, басқарыўшы шөлкем, басқарыўшы ҳаққындағы), жумыс тәртибин, ҳуқық ҳәм миннетлемелерин, сондай-ақ акционерлик жәмийеттиң көрсетилген басқарыў уйымлары тәрепинен шешимлер қабыл етиў тәртибин белгилеўши режелерди таярлаўы ҳәм акционерлердиң улыўма жыйналысында тастыйықлаўы шәрт.»

**18-статья. Уставқа киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшаларды ямаса жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставын мәмлекетлик дизимге алыў**

Жәмийеттиң уставына киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшалар ямаса жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставы усы Нызамның 17-статьясындағы жәмийетти дизимге алыў ушын нәзерде тутылған тәртипте мәмлекетлик дизимге алыныўы тийис.

Жәмийеттиң уставына киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшалар ямаса жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставы үшинши бир тәреплер ушын олар мәмлекетлик дизимге алынған ўақыттан баслап, ал нызам менен белгиленген жағдайларда мәмлекетлик дизимге алыўды әмелге асырыўшы уйым хабарлаған ўақыттан баслап күшине ийе болады.

## Ш-БӨЛИМ
## ЖӘМИЙЕТТИҢ УСТАВЛЫҚ ҚОРЫ. ЖӘМИЙЕТТИҢ АКЦИЯЛАРЫ, ОБЛИГАЦИЯЛАРЫ ҲӘМ БАСҚА ДА БАҲАЛЫ ҚАҒАЗЛАРЫ. ЖӘМИЙЕТТИҢ НАҚ АКТИВЛЕРИ

### 19-статья. Жәмийеттиң уставлық қоры ҳәм акциялары

Жәмийеттиң уставлық қоры акционерлер тәрепинен сатып алынған жәмийеттиң акцияларының көрсетилген баҳасынан қуралады. Жәмийет тәрепинен шығарылған жәмийеттиң барлық акцияларының көрсетилген баҳасы бирдей болыўы тийис.

Жәмийеттиң уставлық қоры оның кредиторларының мәплерине кепиллик беретуғын жәмийет мүлкиниң ең аз муғдарын белгилеп береди.

«Жәмийет мәмлекет-лик мүлк тийкарында дүзилгенде кәрхананың (мүлктиң) нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте анықланған базар баҳасы жәмийеттиң уставлық қорының суммасын қурайды».

Жәмийет әпиўайы акцияларды жайластырыўы шәрт, сондай-ақ, бир ямаса бир неше түрдеги артықмашлық берилген акцияларды жайластырыўға ҳақылы. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)* Жайластырылған артықмашлық берилген акциялардың көрсетилген баҳасы жәмийеттиң уставлық қорының жигирма процентинен артық болмаўы тийис.

Жәмийетти шөлкемлестиргенде, оның барлық акциялары шөлкемлестириўшилер арасында жайластырылған болыўы тийис.

### 20-статья. Уставлық қордың муғдары

Акционерлик жәмийеттиң уставлық фондының ең кем муғдары жәмийет мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеде Өзбекстан Республикасы Орайлық банкиниң курсы бойынша төрт жүз мың АҚШ долларына тең болған суммадан кем болмаўы керек. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң уставлық қорын шөлкемлестириў ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған муғдарда қәлиплестириўдиң ең көп мүддети, егер нызам ҳүжжетлеринде басқаша тәртип нәзерде тутылған болмаса, жәмийет мәмлекетлик дизимнен өткерилген ўақыттан баслап бир жылдан аспаўы шәрт».

## 21-статья. Жәмийеттиң уставлық қорын көбейтиў

Жәмийеттиң уставлық қоры акциялардың көрсетилген баҳасын көбейтиў ямаса қосымша акциялар жайластырыў жолы менен көбейтилиўи мүмкин.

Акциялардың көрсетилген баҳасын көбейтиў жолы менен жәмийеттиң уставлық қорын көбейтиў ҳәм жәмийеттиң уставына тийисли өзгерислер киргизиў ҳаққында шешим, акционерлердиң улыўма жыйналысында ямаса, егер жәмийеттиң уставына муўапық яки акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими менен жәмийеттиң бақлаў кеңесине усындай шешим қабыл етиў ҳуқықы тийисли болса, жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен қабыл етиледи.

Қосымша акциялар жәмийет тәрепинен жәмийеттиң уставында белгиленген жәрияланған акциялардың саны шеклеринде ғана жайластырылыўы мүмкин.

Уставлық қорды қосымша акцияларды жайластырыў жолы менен көбейтиў ҳаққында шешим акционерлердиң улыўма жыйналысында ямаса бундай шешим қабыл етиў ҳуқықы жәмийеттиң уставына муўапық ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине байланыслы жәмийеттиң бақлаў кеңесине берилген болса, онда бақлаў кеңеси тәрепинен қабыл етиледи.

Қосымша акцияларды жайластырыў жолы менен жәмийеттиң уставлық қорын көбейтиў ҳаққында шешим менен жайластырылатуғын қосымша әпиўайы (әдеттеги) акциялардың саны шеклеринде артықмашлық берилген акциялардың ҳәр бир түриниң саны, оларды жайластырыў мүддетлери ҳәм шәртлери, соның ишинде усы Нызамға муўапық жайластырылған акцияларды сатып алыўда артықмашлық ҳуқықына ийе болған акционерлер ушын жәмийеттиң қосымша акцияларын жайластырыўдың баҳасы белгиленген болыўы тийис.

Жәмийеттиң уставлық қорын қосымша акциялар жайластырыў жолы менен көбейтиў жайластырылған қосымша акциялардың номинал баҳасы муғдарында белгиленеди. Бунда жәрияланған белгили категория ҳәм типтеги акциялардың муғдары усы категория ҳәм типтеги акциялардың санына кемейтилиўи керек.

## 22-статья. Жәмийеттиң уставлық қорын азайтыў

Жәмийеттиң уставлық қоры акциялардың көрсетилген баҳасын азайтыў ямаса олардың улыўма санын қысқартыў, соның ишинде соңғылығында оны өтеў менен жәмийет тәрепинен акциялардың бир бөлегин сатып алыў жолы менен азайтыўы мүмкин. Жәмийеттиң уставлық қорын акциялардың бир бөлегин сатып алыў ҳәм оларды өтеў жолы менен азайтыўға, егер усындай мүмкиншилик жәмийеттиң уставында нәзерде тутылған болса жол қойылады.

Уставлық қорды азайтыў нәтийжесинде оның муғдары, усы Нызамға муўапық жәмийеттиң уставындағы тийисли өзгерислерди дизимге алыў сәнесине белгиленген жәмийеттиң ең аз уставлық қоры муқғдарының аз болып қалған жағдайда, жәмийет уставлық қорды азайтыўға ҳақылы емес.

Уставлық қорды азайтыў ҳәм жәмийеттиң уставына тийисли өзгерислер киргизиў ҳаққындағы шешим акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен қабыл етиледи.

Уставлық қорды азайтыў ҳаққында шешим қабыл ете отырып, акционерлердиң улыўма жыйналысы қордың азайтылыў себеплерин көрсетеди ҳәм оны азайтыўдың тәртибин белгилейди.

Уставлық қорды азайтқанда, жәмийетти сапластырыў жағдайында нәзерде тутылған акционерлердиң мәплерин қорғаў шәртлери сақланыўы зәрүр.

**23-статья. Жәмийеттиң уставлық қорының муғдарын азайтыў ҳаққында кредиторларды хабарландырыў**

Уставлық қорды азайтыў ҳаққында шешим қабыл етилген сәнеден кейин отыз күннен кешиктирмей, жәмийет бул ҳаққында өзиниң кредиторларын жазба түрде хабарландырады. Кредиторлар, оларға жәмийеттиң уставлық қорын азайтыў ҳаққында хабарландырыў жиберилген сәнеден баслап, отыз күннен кешиктирмей, жәмийеттен оның миннетлерин мүддетинен бурын орынлаўды ҳәм соған байланыслы көрилген зыянларды өтеўди талап етиўге ҳақылы.

**24-статья. Акционерлик жәмийеттиң акциялары**

Акциялар ийесиниң аты жазылған эмиссиялық баҳалы қағазлар болып, олар типи бойынша әпиўайы ҳәм артықмашлық берилген болыўы мүмкин.

Акциялар меншик ҳуқықы ямаса басқа да затлық ҳуқық тийкарында қайсы юридикалық ямаса физикалық шахсқа тийисли болса, усы юридикалық ямаса физикалық шахс акцияның ийеси – акционер деп тән алынады.

Әпиўайы акциялар даўыс бериўшилер болып, олардың ийесине дивидендлер алыў, акционерлердиң улыўма жыйналысларында ҳәм жәмийетти басқарыўда қатнасыў ҳуқықын береди.

Акция ийелерине дивидендлерди, сондай-ақ, жәмийет сапластырылғанда акцияларға қойылған қаржыларды биринши гезекте алыў ҳуқықын беретуғын акциялар артықмашлық берилген акциялар болып табылады. Артықмашлық берилген акциялар өз ийелерине жәмийет пайда көриўи – көрмеўине қарамастан, белгили дивидендлер алыў ҳуқықын береди.

Шығарылатуғын акциялардың типлери, оларды жайластырыў, олар бойынша дивидендлер төлеў тәртиби нызам ҳүжжетлерине муўапық жәмийет уставында белгиленеди. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**24[1]-статья. Алтын акция**

«Алтын акция» - айрым акционерлик жәмийетлерди басқарыўда мәмлекеттиң қатнасыўының арнаўлы ҳуқықы болып, ол стратегиялық әҳмийетке ийе болған мәмлекетлик кәрханалар меншиклестирилип атырғанда ямаса

акционерлик жәмийетлердиң мәмлекетлик акция пакетлери жеке меншик етип реализация етилип атырғанда Өзбекстан Республикасы ҳүкиметиниң қарарына тийкарланып енгизиледи ҳәм мәмлекеттиң экономикалық мәплери қорғалыўын тәмийинлейди.

«Алтын акция» қунға ийе емес, басқа шахсқа берилмейди ҳәм гиреўге қойылмайды, уставлық қоры муғдарын белгилеўде ҳәм дивидендлерди есаплаўда итибарға алынбайды.

«Алтын акция» уставлық қорында мәмлекетлик үлеси болмаған ямаса бул үлес жигирма бес проценттен аспайтуғын акционерлик жәмийетлерде енгизилиўи мүмкин. Мәмлекеттиң «алтын акция»дан пайдаланыў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

«Алтын акция» акционерлик жәмийеттиң бақлаў кеңеси қурамына мәмлекет ўәкилин (буннан былай текстте «мәмлекет ўәкили» деп алынады) тайынлаў жәрдеминде реализация етиледи. Мәмлекет ўәкили акционерлердиң улыўма жыйналысында ҳәм бақлаў кеңеси мәжилислеринде усы Нызамның 65-статьясы биринши бөлиминиң екинши-төртинши, жетинши, сегизинши, он сегизинши, он тоғызыншы абзацларында, сондай-ақ, 82-статьясы биринши бөлиминиң жетинши, жигирма екинши-жигирма төртинши абзацларында көрсетилген мәселелер бойынша вето қойыў ҳуқықы менен мәжбүрий тәртипте қатнасады. Вето қойыў усы шешимлер қабыл етилген күни жазба түрде әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**25-статья. Акциялардың көрсетилген баҳасы**

Акциялардың көрсетилген баҳасы жүз сомнан аз болыўы мүмкин емес.

Акция бөлинбейди.

**26-статья. Жәмийеттиң жайластырылған ҳәм жәрияланған акциялары**

Жәмийеттиң уставында, акционерлер тәрепинен сатып алынған акциялардың (жайластырылған акциялар) саны ҳәм көрсетилген баҳасы белгиленген болыўы тийис.

Жәмийет уставында жәмийет жайластырылған акцияларға қосымша рәўиште жайластырыўға ҳақылы болған жәрияланған (қосымша) акциялардың саны ҳәм номинал баҳасы белгилениўи мүмкин. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң уставына, усы статьяда нәзерде тутылған жәмийеттиң жәрияланған акциялары ҳаққында режелерге байланыслы өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында шешим акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен қабыл етиледи. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет тәрепинен акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазлар жайластырылған жағдайда жәрияланған (қосымша) акциялардың саны усы баҳалы қағазлар айланыста болыўы мүддети даўамында конвертациялаў ушын зәрүр муғдардан кем болмаўы тийис.

Жәмийет усы баҳалы қағазлардың ийелериниң келисимисиз, жәмийет тәрепинен жайластырылған баҳалы қағазлар оларға конвертацияланыўы мүмкин болған акциялар менен берилетуғын ҳуқықларды шеклеў ҳаққында шешим қабыл етиўге ҳақылы емес.

**27-статья. Акционерлердиң ҳуқықлары**

Акционерлер:

-оларды тийисли акционерлик жәмийеттиң акционерлериниң дизимине киргизиў;

-өзи ҳаққында депозитарийдеги депо есап бетинен көширме алыў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

-дивидендлер түриндеги пайданың бир бөлегин алыў;

-акционерлик жәмийет сапластырылған жағдайда өзине тийисли үлеске муўапық мүлктиң бир бөлегин алыў;

-акционерлик жәмийетти басқарыўға қатнасыў;

-акционерлик жәмийеттиң уставына муўапық эмитенттиң финанс-хожалық жумысының нәтийжелери ҳаққында толық ҳәм исенимли болған мәлимлеме алыў;

-алынған дивидендти еркин түрде жумсаў;

- баҳалы қағазлар базарын тәртиплестириў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйымда, сондай-ақ судта өзлериниң ҳуқықларын қорғаў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

- баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшылары ҳәм эмитентлердиң надурыс ямаса ҳүждансыз ҳәрекетлерине көрилген зыянларды өтеў; *(ҚР ЖК 28.12.2010-ж. 64/IV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

-өзлериниң мәплерин билдириў ҳәм қорғаў мақсетинде ассоциацияларға ҳәм басқа да жәмийетлик шөлкемлерге бирлесиў;

-баҳалы қағазларды сатып алғанда көрилиўи мүмкин болған зыянларға ҳәм (ямаса) пайданың бир бөлегинен айырылыўға байланыслы қәўипти қамсызландырыў;

-жәмийеттиң уставында нәзерде тутылған басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

**28-статья. Әпиўайы акциялардың ийелери болған акционерлердиң ҳуқықлары**

Жәмийеттиң ҳәр бир әпиўайы (әдеттеги) акциясы оның ийеси болған акционерге бирдей көлемде ҳуқықлар береди.

Әпиўайы (әдеттеги) акциялардың ийелери болған акционерлер усы Нызамға ҳәм жәмийеттиң уставына муўапық жыйналыстың қараўындағы барлық мәселелер бойынша даўыс бериў ҳуқықы менен акционерлердиң улыўма жыйналысына қатнасыўы мүмкин, сондай-ақ дивидендлер алыў ҳуқықына, ал жәмийет сапластырылған жағдайда, оның мүлкиниң бир бөлегин алыў ҳуқықына ийе болады.

**29-статья. Артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлердиң ҳуқықлары**

Жәмийеттиң артықмашлық берилген акцияларының ийелери болған акционерлер, егер жәмийеттиң артықмашлық берилген акцияларының белгили бир түри ушын усы Нызамда ямаса жәмийеттиң уставында басқа нәрсе белгиленбеген болса, акционерлердиң улыўма жыйналысында даўыс бериў ҳуқықына ийе болмайды.

Жәмийеттиң бир түрдеги артықмашлық берилген акциялары олардың ийелери болған акционерлерге бирдей көлемде ҳуқықлар береди ҳәм әдеттеги акциялар менен бирдей көрсетилген баҳаға ийе болады.

Жәмийеттиң уставына ҳәр түрдеги артықмашлық берилетуғын акциялар бойынша дивиденд муғдары ҳәм (ямаса) жәмийет сапластырылғанда төленетуғын баҳа (сапластырыў баҳасы) белгилениўи тийис. Дивидендтиң муғдары ҳәм сапластырыў баҳасы беккем ақшалай муғдарда ямаса артықмашлық берилген акциялардың көрсетилген баҳасына процентлер есабында белгиленеди. Артықмашлық берилген акциялар бойынша дивидендтиң муғдары ҳәм сапластырыў баҳасы, сондай-ақ, егер жәмийеттиң уставында оларды белгилеў тәртиби анықланған болса, белгиленген болып есапланады. Олар бойынша дивиденд муғдары белгиленбеген артықмашлық берилген акциялардың ийелери әпиўайы (әдеттеги) акциялардың ийелери менен тендей дивидендлер алыў ҳуқықына ийе болады.

Егер уставта еки ҳәм оннан да көп түрдеги артықмашлық берилген акциялар нәзерде тутылған болса, онда жәмийеттиң уставында артықмашлық берилген акциялардың ҳәр бир түри бойынша дивидендлер ҳәм сапластырыў баҳасын төлеўдиң гезеги белгиленген болыўы тийис.

Жәмийеттиң уставында, муғдары уставта белгиленген, белгили бир түрдеги артықмашлық берилген акциялар бойынша төленбеген ямаса толық төленбеген дивиденд топланады ҳәм соңынан төленеди (кумулятивлик артықмашлық берилген акциялар) деп белгилениўи мүмкин.

Жәмийеттиң уставында, сондай-ақ белгили бир түрдеги артықмашлық берилген акцияларды әпиўайы (әдеттеги) акцияларға ямаса басқа түрдеги артықмашлық берилген акцияларға конвертациялаў мүмкиншилиги ҳәм шәртлери анықланыўы мүмкин.

Артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлер акционерлердиң улыўма жыйналысында жәмийетти қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў мәселелери шешилгенде, даўыс бериў ҳуқықы менен қатнасады. Белгили түрдеги артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлер акционерлердиң улыўма жыйналысында жәмийет уставына усы түрдеги артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлердиң ҳуқықларын шеклейтуғын өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында мәселелерди шешкенде, соның менен бирге, буннан алдыңғы гезектеги артықмашлық берилген акциялар бойынша дивидендтиң муғдарын белгилеў ямаса көбейтиў ҳәм (ямаса) сапластырыў баҳасын белгилеў ямаса көбейтиў жағдайларын қоса, сондай-ақ, басқа түрдеги артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлерге дивиденд ҳәм (ямаса) акциялардың сапластырыў баҳасын төлеў гезегинде артықмашлықлар бериў мәселелерин шешкенде даўыс бериў ҳуқықына ийе болады.

Кумулятивлик артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлерден басқа, олар бойынша дивиденд муғдары жәмийеттиң уставында белгиленген белгили түрдеги, артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлер онда усы түрдеги артықмашлық берилген акциялар бойынша дивидендлер төлеў ҳаққында шешим қабыл етилмеген ямаса дивидендлерди толық емес төлеў ҳаққында шешим қабыл етилген акционерлердиң жыллық улыўма жыйналысынан кейин болатуғын жыйналыстан баслап акционерлердиң улыўма жыйналысында оның қараўындағы барлық мәселелер бойынша даўыс бериў ҳуқықы менен қатнасыў ҳуқықына ийе болады. Усындай түрдеги артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ҳуқықы усы көрсетилген акциялар бойынша дивидендлерди толық муғдарда биринши төлеў ўақтынан баслап тоқтатылады.

Белгили түрдеги кумулятивлик артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлер, онда усы акциялар бойынша топланған дивидендлерди толық көлемде төлеў ҳаққында шешим қабыл етилиўи тийис болған акционерлердиң жыллық улыўма жыйналысынан кейинги жыйналыстан баслап, егер онда усындай шешим қабыл етилмеген болса ямаса дивидендлерди толық емес төлеў ҳаққында шешим қабыл етилген болса, акционерлердиң улыўма жыйналысында оның қарамындағы барлық мәселелер бойынша даўыс бериў ҳуқықы менен қатнасыў ҳуқықына ийе болады. Белгили түрдеги кумулятивлик артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ҳуқықы көрсетилген акциялар бойынша барлық топланған дивидендлерди толық муғдарда төлеген ўақыттан баслап тоқтатылады.

Егер жәмийет уставында усы түрдеги акцияларды әдеттеги акцияларға конвертациялаў мүмкиншилиги нәзерде тутылған болса, жәмийет уставы белгили түрдеги артықмашлық берилген акциялар бойынша даўыс бериў ҳуқықын нәзерде тутыўы мүмкин. Бунда усындай артықмашлық берилген акция

конвертацияланыўы мүмкин болған әдеттеги акциялар бойынша даўыслар санынан артық болмаған санда даўысларға ийе болады.

**30-статья. Акцияларға болған ҳуқықлардың өтиўи**

Акцияларға болған ҳуқықлар акцияларды алыўшыға оның депо есап бетине тийисли кирис жазыўы белгиленген тәртипте киритилген пайыттан баслап өтеди ҳәм нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте депозитарий тәрепинен берилетуғын депо есап бетинен көширме менен тастыйықланады.

Акция менен тастыйықланатуғын ҳуқықлар олардың алыўшысына усы қымбатлы қағазға болған ҳуқықлар өткен пайыттан баслап өтеди. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**31-статья.** *8-октябрь 2009-жыл №251/III Нызамы менен алып тасланды*

**32-статья. Жәмийеттиң облигациялары ҳәм басқа да баҳалы қағазлары**

Жәмийет өзиниң уставына муўапық облигацияларды ҳәм нызамлар менен нәзерде тутылған басқа да баҳалы қағазларды жайластырыўға ҳақылы.

Жабық акционерлик жәмийет облигациялар жайластырыўға ҳақылы емес. *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**33-статья. Жәмийеттиң акциялары ҳәм басқа да баҳалы қағазларының төлеми**

Жәмийетти шөлкемлестириўде жайластырылатуғын акцияларға жәмийет мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеден баслап көби менен бир жыл ишинде шөлкемлестириўшилер тәрепинен ҳақы төлениўи тийис. Усы мүддет өткеннен кейин ҳақы төленбеген акциялар бийкар етилиўи керек. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң қосымша акцияларына усы акцияларды шығарыў ҳаққындағы шешимде көрсетилген жайластырыў мүддети ишинде ҳақы төлениўи тийис. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет уставында акциялар ушын төлеў бойынша миннетлемелерди орынламағаны ушын орынламаў төлемин (жәрийма, үстеме) өндирип алыў нәзерде тутылыўы мүмкин.

«Жәмийеттиң акциялары ҳәм басқа да баҳалы қағазларына төлем нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ақшалай, төлеўдиң басқа да усыллары, мүлклик ҳуқықлар ямаса ақшалай баҳаға ийе басқа да ҳуқықлар (соның ишинде затлай ҳуқықлар) менен әмелге асырылады.» Жәмийеттиң акциялары төлеминиң түри оны шөлкемлестиргенде жәмийетти дүзиў ҳаққындағы шәртнама (қайта дүзиў ҳаққындағы шешим) ямаса жәмийеттиң уставы менен, ал қосымша

акциялардың ҳәм басқа да баҳалы қағазлардың төлем түри - оларды жайластырыў ҳаққында шешим менен белгиленеди.

Жәмийетти шөлкемлестиргенде акциялардың төлеми ушын өткерилген ақшалай баҳалаў шөлкемлестириўшилер арасындағы шәртнама бойынша әмелге асырылады.

Егер жәмийеттиң усы тәртипте сатып алынып атырған акциялары ҳәм басқа да баҳалы қағазларының көрсетилген баҳасы нызамлар менен белгиленген ең аз болған ис ҳақының еки жүз есесинен көп болса жәмийеттиң акциялары ҳәм басқа да баҳалы қағазларының төлеми есабында тапсырылып атырған мүлктиң ақшалай баҳасын баҳалаўшы шөлкем баҳалаўы тийис. *(ҚР ЖК 30.06.2011-ж. 88/VI-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң уставында жәмийеттиң акциялары ҳәм басқа да атап берилетуғын баҳалы қағазлары ушын төлем ретинде өткерилетуғын мүлк түрлерине шеклеўлер болыўы мүмкин.

**34-статья. Жәмийеттиң қорлары ҳәм нақ активлери**

Жәмийетте жәмийет уставы менен нәзерде тутылған муғдарда, бирақ оның уставлық қорының он бес процентинен кем болмаған резервлик қор дүзиледи. Жәмийеттиң резервлик қоры алынған нақ пайдадан, ҳәр жылғы миннетли ажыратыўлар жолы менен, ол жәмийет уставында белгиленген муғдарға жеткенге дейин дүзиледи. Ҳәр жылғы ажыратыўлар муғдары жәмийеттиң уставында нәзерде тутылған болады, бирақ, жәмийеттиң уставында белгиленген муғдарға жеткенге дейин нақ пайданың бес процентинен аз болыўы мүмкин емес.

Жәмийеттиң резервлик қоры оның зыянларын жабыўға, жәмийеттиң облигацияларын өтеўге, артықмашлық берилген акциялар бойынша дивидендлер төлеўге ҳәм усы Нызамға муўапық талап етиў ҳуқықларына ийе болған акционерлердиң талап етиўи бойынша акцияларды сатып алыўға арналады.

Резервлик қор басқа мақсетлер ушын пайдаланылыўы мүмкин емес.

Жәмийеттиң нақ активлериниң баҳасы бухгалтерлик есап мағлыўматлары бойынша баҳаланады.

Егер, екинши ҳәм бир келеси финанс жылының тамамланыўы менен жәмийет акционерлерине тастыйықлаў ушын усынылған жыллық бухгалтерлик балансқа ямаса аудиторлық тексериў нәтийжелерине муўапық, жәмийеттиң нақ активлериниң баҳасы оның уставлық қорынан аз болып шықса, жәмийет өзиниң уставлық қорын оның нақ активлериниң баҳасынан артпайтуғын дәрежеге дейин азайтқаны ҳаққында жәриялаўға миннетли.

Егер, екинши ҳәм ҳәр бир келеси финанс жылының тамамланыўы менен жәмийет акционерлерине тастыйықлаў ушын усынылған жыллық бухгалтерлик балансқа ямаса аудиторлық тексериў нәтийжелерине муўапық, жәмийеттиң нақ активлериниң баҳасы усы Нызамның 20-статьясында көрсетилген ең аз болған

уставлық қор дәрежесинен кем болып шықса, жәмийет өзин сапластырыў ҳаққында шешим қабыл етиўге миннетли.

Жәмийеттиң уставлық қорын азайтыў ямаса жәмийетти сапластырыў ҳаққында шешим қабыл етилмеген жағдайда, оның акционерлери, кредиторлары, сондай-ақ, мәмлекет тәрепинен ўәкиллик берилген уйымлар жәмийетти суд тәртибинде сапластырыўды талап етиўге ҳақылы.

## IV-БӨЛИМ
## АКЦИЯЛАРДЫ ҲӘМ БАСҚА ДА БАҲАЛЫ ҚАҒАЗЛАРДЫ ЖАЙЛАСТЫРЫЎ

*(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**35-статья.** *8-октябрь 2009-жыл №251/III Нызамы менен алып тасланды*

**36-статья. Акцияларды жайластырыў**

Ашық акционерлик жәмийет ашық ҳәм жабық түрде жазылыў арқалы акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыўды әмелге асырыўға ҳақылы емес.

Жабық акционерлик жәмийет ашық ҳәм жабық түрде жазылыў арқалы акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыўды әмелге асырыўға ямаса қандай да басқа жол менен оларды сатып алыў ушын адамлардың шекленбеген топарына усыныўға ҳақылы емес.

Мәмлекетлик кәрханаларды акционерлик жәмийетлерге өзгертиў процессинде шығарылған акциялар жаңа мүлк ийелерине белгиленген тәртипте сатылатуғын пайытқа дейин дәслепки жайластырылған мәмлекет активлери болып есапланады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Эмитент тәрепинен акцияларды жайластырыў мүддети олардың шығарылыўы мәмлекетлик дизимнен өткерилген пайыттан баслап бир жылдан аспаўы керек. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Ашық акционерлик жәмийет тәрепинен акцияларды ҳәм акцияға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыў (ашық ямаса жабық түрде жазылыў) жәмийеттиң уставы менен, ал жәмийеттиң уставында көрсетпелер болмаған жағдайда, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими менен белгиленеди. Жәмийеттиң акцияларын ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларын жайластырыў усылы ҳаққындағы мәселе бойынша, жәмийет уставында көрсетпелер ҳәм акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими болмаған жағдайларда, жайластырыў тек ашық түрде жазылыў арқалы әмелге асырылыўы мүмкин.

Жәмийет тәрепинен акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыў нызамларға муўапық түрде әмелге асырылады.

Ашық акционерлик жәмийет тәрепинен акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды ашық түрде жазылыў арқалы миннетли түрде жайластырыў жағдайлары нызамлар менен белгилениўи мүмкин.

**37-статья. Акцияларды жайластырыў баҳасы**

Жәмийет акциясының төлеми базар баҳасы бойынша әмелге асырылады.

Жәмийетти шөлкемлестиргенде оның акцияларының төлеми оның шөлкемлестириўшилери тәрепинен акцияларды көрсетилген баҳасы бойынша жүргизиледи.

Жәмийет төмендеги жағдайларда акцияларды олардың базар баҳасынан төмен баҳада жайластырыўды әмелге асырыўға ҳақылы:

жәмийеттиң әпиўайы акцияларының ийелери болған акционерлерге, олар бундай акцияларды олардың базар баҳасының тоқсан процентинен кем болмаған баҳа бойынша сатып алыўдың артықмашлық берилген ҳуқықын әмелге асырған жағдайда қосымша әпиўайы акцияларды жайластырыў;

қосымша акцияларды, арадағы келистириўшиниң қатнасында, усындай акцияларды жайластырыў баҳасына процентлик қатнаста белгиленген арадағы келистириўшини сыйлықлаў муғдары дәрежесинен көп муғдарда олардың базар баҳасынан төмен болмаған баҳада жайластырыў.

Мәмлекетлик кәрхананы акционерлик жәмийет етип қайта дүзгенде акцияларды жайластырыў олардың көрсетилген баҳасы бойынша әмелге асырылады ҳәм эмиссия проспектинде көрсетиледи.

**37[1]-статья. Акционерлик жәмийетлерге айландырылып атырған мәмлекетлик кәрханалардың мийнет жәмәәтлери ағзалары тәрепинен акциялардың алыныўы.** *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Мәмлекетлик кәрхана акционерлик жәмийетке айландырылғанда кәрхананың мийнет жәмәәти ағзалары нызам менен белгиленген тәртипте акциялардың баҳасын төлеп уставлық қордағы тийисли үлестен акцияларды сатып алыў ҳуқықына ийе.

**38-статья. Акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыў баҳасы**

Жәмийет акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды олардың базар баҳасы бойынша жайластырыўды әмелге асырады, төмендеги жағдайлар буған кирмейди:

жәмийеттиң әдеттеги акцияларының ийелери болған акционерлерге, олар бундай баҳалы қағазларды олардың базар баҳасының тоқсан процентинен кем

болмаған баҳа бойынша сатып алыўдың артықмашлық берилген ҳуқықын әмелге асырған жағдайда, әдеттеги акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыў;

акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды ортадағы келистириўшиниң қатнасыўында олардың базар баҳасынан төмен болыўы мүмкин, бирақ усындай баҳалы қағазларды жайластырыў баҳасына процентлик қатнаста белгиленген ортадағы келистириўшини сыйлықлаў муғдарынан көп болмаған баҳа бойынша жайластырыў.

Бул статьяның режелери оларды өтеў облигациялардың көрсетилген баҳасын төлеўди ямаса акцияға конвертацияланыўын нәзерде тутатуғын облигацияларды жәмийет тәрепинен жайластырыўға таралмайды.

**39-статья. Акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырғанда акционерлердиң ҳуқықларын тәмийинлеў** *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет тәрепинен, оларды ақшалай төлеў менен акциялар ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазлар жайластырылған жағдайда, жәмийеттиң уставында жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының ийелери болған акционерлер бул баҳалы қағазларды өзлериниң даўыс бериўши акцияларының санына сәйкес муғдарда сатып алыўдың жеңилликли ҳуқықына ийе болатуғынлығы нәзерде тутылыўы мүмкин. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Оларға ақшалай төлеў менен ашық жазылыў арқалы акциялар ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырған жағдайда, оларды сатып алыўдан артықмашлық берилген ҳуқықын қолланбаў ҳаққында, сондай-ақ бундай шешимниң ҳәрекет етиў мүддети ҳаққында шешим акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасқан, даўыс бериўши акциялардың ийелериниң көпшилик даўысы менен акционерлердиң улыўма жыйналысында қабыл етиўи мүмкин. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акцияларды ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды сатып алыўдың артықмашлық берилген ҳуқықының қолланбаўы ҳаққында шешим, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими менен белгиленген мүддет даўамында, бирақ усындай шешимди қабыл еткен ўақыттан баслап бир жылдан артық болмаған ўақытқа дейин ҳәрекет етеди. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акцияларды ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жеңилликли алыў ҳуқықына ийе болған шахслардың дизими усы баҳалы қағазларды шығарыў ҳаққындағы шешим қабыл етилген сәнедеги жәмийет акционерлери реестриниң мағлыўматлары тийкарында дүзиледи. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Бул статьяның режелери, усы Нызамның 29-статьясына муўапық даўыс бериў ҳуқықына ийе болған, жәмийеттиң артықмашлық берилген акцияларының ийелерине таралмайды.

**40-статья. Акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды сатып алыўдың артықмашлық берилген ҳуқықын әмелге асырыў тәртиби** *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Оларды ақшалай төлеў менен акцияларды ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жәмийет тәрепинен жайластырыўдың басланыўынан keminде отыз күн бурын, жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының ийелери болған акционерлер, усы Нызамның 39-статьясында нәзерде тутылған ҳуқықларын олардың әмелге асырыў мүмкиншилиги ҳаққында хабарландырылыўы тийис болады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Хабарландырыўда акцияларды ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыў саны, оларды жайластырыў баҳасы (соның ишинде, оларды сатып алыўдың артықмашлық берилген ҳуқықын әмелге асырған жағдайда, оларды жәмийеттиң акционерлерине жайластырыўдың баҳасы) ҳаққында, ҳәр бир акционер сатып алыўға ҳақылы болған баҳалы қағазлардың санын белгилеў тәртиби, акционерлердиң бул ҳуқықының ҳәрекет етиў мүддети ҳәм оны әмелге асырыў тәртиби ҳаққында мағлыўматлар болыўы тийис. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акционер акцияларды ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды сатып алатуғынлығы ҳаққында жәмийетке жазба түрде арза жибериў жолы менен өзиниң артықмашлық берилген ҳуқықының толық ямаса бир бөлегинде әмелге асырыўға ҳақылы, арзада акционердиң аты (атамасы) ҳәм жасайтуғын орны (мәкан жайы), ол сатып алатуғын баҳалы қағазлардың саны ҳәм төлегенлиги ҳаққында ҳүжжет болыўы тийис. Бундай арза жәмийетке қосымша ҳәм даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды жайластырыўдың басланыў сәнесинен алдыңғы күннен кешиктирмей жиберилген болыўы тийис.

**41-статья. Жайластырылған акциялардың жәмийет тәрепинен сатып алыныўы**

Жәмийет, егер бул уставта нәзерде тутылған болса, олардың улыўма санын қысқартыў мақсетлеринде жайластырылған акциялардың бир бөлегин сатып алыў жолы менен жәмийеттиң уставлық қорын азайтыў ҳаққында акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша, сондай-ақ, олардың буннан былай

қайта сатыў мақсетлеринде, өзлери жайластырған акцияларды сатып алыўға ҳақылы.

Егер айланыста қалған акциялардың көрсетилген баҳасы, усы Нызам менен нәзерде тутылған уставлық қордың ең аз муғдарынан төмен болып қалса, жәмийет акциялардың улыўма санын қысқартыў мақсетлеринде, жайластырылған акциялардың бир бөлегин сатып алыў жолы менен уставлық қорды азайтыў ҳаққында шешим қабыл етиўге ҳақылы емес.

Акциялардың улыўма санын қысқартыў мақсетлеринде, оларды сатып алыў жолы менен жәмийеттиң уставлық қорын азайтыў ҳаққында акционерлердиң улыўма жыйналысында қабыл етилген шешим тийкарында жәмийет тәрепинен сатып алынған акциялар оларды сатып алғанда өтеледи.

Акцияларды сатып алыў ҳаққында шешими менен сатып алынатуғын акциялардың түрлери, жәмийеттиң сатып алатуғын акцияларының ҳәр бир түриниң саны, сатып алыў баҳасы, төлеўдиң түри ҳәм мүддети, сондай-ақ оның даўамында акцияларды сатып алыў әмелге асырылатуғын мүддет белгиленген болыўы тийис.

Егер жәмийеттиң уставында басқа нәрсе нәзерде тутылған болмаса, оларды сатып алғанда акциялардың төлеми ақшалай әмелге асырылады. Акцияларды сатып алыў әмелге асырылатуғын мүддет отыз күннен аз болмаўы тийис. Жәмийет тәрепинен әпиўайы (әдеттеги) акцияларды сатып алыў баҳасы базар баҳасына муўапық белгиленеди.

Оларды сатып алыў ҳаққында шешим қабыл етилген белгили түрдеги акциялардың ийелери болған ҳәр бир акционер, усы көрсетилген акцияларды сатыўға ҳақылы, ал жәмийет оларды сатып алыўға миннетли. Егер жәмийет тәрепинен олардың сатып алыныўы ҳаққында арза келип түскен акциялардың улыўма саны, усы статьяда белгиленген шеклеўлерди есапқа алыў менен жәмийет тәрепинен сатып алыныўы мүмкин болған акциялардың санынан артық болған жағдайда, акциялар акционерлердиң билдирилген талапларына сәйкес сатып алынады.

Акцияларды сатып алыў, оның даўамында әмелге асырылатуғын мүддет басланыўына отыз күн қалған ўақыттан кешиктирмей, жәмийет белгили түрдеги акциялардың ийелери болған акционерлерди хабарландырыўға миннетли болады. Хабарландырыўда усы статьяның 4-бөлиминде көрсетилген мағлыўматлар болыўы тийис.

Артықмашлық берилген акцияларды сатып алыў жәмийеттиң уставында нәзерде тутылған баҳалар бойынша әмелге асырылады.

Жәмийет бийлигине өткен акциялар даўыс бериў ҳуқықын бермейди, даўысларды санап шығыўда есапқа алынбайды, олар бойынша дивидендлер есаплап шығарылмайды. Бундай акциялар жәмийет бийлигине өткен пайыттан баслап бир жылдан кешиктирмей сатылыўы керек, болмаса, акционерлердиң улыўма жыйналысы жәмийеттиң устав фондын кемейттириў ҳаққында қарар

қабыл етиўи тийис. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Усы статьяның тоғызыншы бөлиминде нәзерде тутылған мүддетлерде сатылмаған акциялар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте бийкар етилиўи тийис. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет тәрепинен өз акцияларының алыныўы нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ғәрезсиз рәўиште яки баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшылары арқалы әмелге асырылады.

*(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

*(ҚР ЖК 28.12.2010-ж. 64/IV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет өзи шығарған акциялар бойынша оларды қайта сатып алыў шәрти менен келисимлер дүзиўге, сондай-ақ, өзи шығарған акцияларды исенимли басқарыўға бериўге ҳақылы емес. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**42-статья. Жайластырылған акциялардың жәмийет тәрепинен сатып алыныўын шеклеўлер**

Жәмийет төмендеги жағдайларда әпиўайы акцияларды сатып алыўды әмелге асырыўға ҳақылы емес:

егер усы акцияларды сатып алыў ўақтында, жәмийет банкротлық белгилерге ийе болса ямаса усы белгилер олар акцияларды сатып алыўы нәтийжесинде пайда болса, жәмийеттиң барлық уставлық қорын толық төлегенге дейин;

егер әпиўайы акциялардың сатып алыў ўақтына, жәмийеттиң нақ активлериниң баҳасы оның уставлық қорынан, резервлик қорынан аз болса ҳәм жайластырылған артықмашлық берилген акциялардың устав пенен белгиленген сапластырыў баҳасының көрсетилген баҳасынан артық болса ямаса акцияларды сатып алыў нәтийжесинде олардың муғдарынан аз болып қалса.

Жәмийет бул акцияларды сатып алыў ҳаққында талаплар усы Нызамның 45-статьясына муўапық қойылған барлық акцияларды сатып алғанға дейин жайластырылған акцияларды сатып алыўды әмелге асырыўға ҳақылы емес.

**43-статья. Акцияларды беккемлеў ҳәм бөлшеклеў**

Акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша жәмийет жайластырылған акцияларды беккемлеўди әмелге асырыўға ҳақылы, оның нәтийжесинде жәмийеттиң еки ямаса оннан да көп акциялары, сондай түрдеги бир жаңа акцияға конвертацияланады. Бул жағдайда жәмийеттиң уставына,

жәмийеттиң жәрияланған акцияларының көрсетилген баҳасы ҳәм санына байланыслы тийисли өзгерислер киргизиледи.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша жәмийет оның жайластырылған акцияларын бөлшеклеўди әмелге асырыўға ҳақылы, оның нәтийжесинде жәмийеттиң бир акциясы жәмийеттиң сондай түрдеги еки ямаса оннан көп акцияларына конвертацияланады. Бул жағдайда жәмийет уставына жәмийеттиң жәрияланған акцияларының көрсетилген баҳасы ҳәм санына байланыслы тийисли өзгерислер киргизиледи.

**44-статья. Акционерлердиң талап етиўи бойынша жәмийет тәрепинен акциялардың сатып алыныўы**

Даўыс бериўши акциялардың ийелери болған акционерлер төмендеги жағдайларда өзлерине тийисли акциялардың барлығының ямаса бир бөлегиниң жәмийет тәрепинен сатып алыныўын талап етиўге ҳақылы:

жәмийетти қайта шөлкемлестириў, ямаса әмелге асырылғаны ҳаққында шешим, усы Нызамның 90-статьясының үшинши бөлимине муўапық акционерлердиң улыўма жыйналысында қабыл етилетуғын ири келисим әмелге асырылса, егер олар жәмийетти қайта шөлкемлестириў ҳаққында шешимниң қабыл етилиўине ямаса усы аталған келисимниң әмелге асырылыўына қарсы даўыс берсе ямаса усы мәселелер бойынша даўыс бериўге унамлы себеплер менен қатнаспаса;

жәмийеттиң уставына олардың ҳуқықларын шеклейтуғын өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилсе ямаса олардың ҳуқықларын шеклейтуғын жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставы тастыйықланса, егер олар тийисли шешимди қабыл етиўге қарсы даўыс берсе ямаса унамлы себеплер менен даўыс бериўге қатнаспаса.

Өзлерине тийисли акцияларды жәмийеттиң қайтарып сатып алыўын талап етиў ҳуқықына ийе болған акционерлер дизими даўыс бериў нәтийжесинде усы Нызамға муўапық акцияларды қайтарып сатып алыўды талап етиў ҳуқықы пайда болыўына алып келиўи мүмкин мәселелер күн тәртибине киргизилген улыўма жыйналыста қатнасыў ҳуқықына ийе болған жәмийет акционерлери реестриниң мағлыўматлары тийкарында дүзиледи. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет тәрепинен акцияларды сатып алыў, жәмийеттиң акцияларын баҳалаў ҳәм сатып алыўды талап етиў ҳуқықының пайда болыўына алып келген ҳәрекетлери нәтийжесинде оның өзгериўлерин есапқа алмастан белгиленетуғын, усы акциялардың баҳасы базар баҳасы бойынша әмелге асырылады.

**45-статья. Өзлерине тийисли акциялардың жәмийет тәрепинен сатып алыныўын талап етиў ҳуқықының акционерлер тәрепинен әмелге асырылыў тәртиби**

Жәмийет акционерлерге, олардың жәмийет тәрепинен акционерлерге тийисли акцияларын сатып алыўын талап етиў ҳуқықы бар екенлиги, акциялардың баҳасы ҳәм сатып алыўды әмелге асырыў тәртиби ҳаққында мәлим етиўге миннетли.

Оның күн тәртиби олар бойынша даўыс бериў усы Нызамға муўапық, жәмийет тәрепинен акциялардың сатып алыўын талап етиў ҳуқықының пайда болыўына алып келиўи мүмкин болған мәселелерди ишине алатуғын, акционерлердиң улыўма жыйналыс өткериў ҳаққында акционерлерге жеткерилетуғын мәлимлемеде усы статьяның биринши бөлиминде көрсетилген мағлыўматлар болыўы тийис.

Акционерлердиң улыўма жыйналысына қатнасыў ҳуқықына ийе емес акционерлерде, жәмийет тәрепинен акциялардың сатып алыныўын талап етиў ҳуқықының бар екенлиги ҳәм усындай ҳуқықты әмелге асырыў ҳаққында мәлимлеме оларға жәмийет тәрепинен акциялардың сатып алыныўын талап етиў ҳуқықының пайда болыўына алып келетуғын шешим қабыл етилген күннен баслап жети күннен кешиктирместен жибериледи.

Акционерлердиң өзине тийисли акциялардың сатып алыныўы ҳаққында жазба түрдеги талабы жәмийетке, акционерлердиң жасайтуғын орны (мәкан жайы), ол сатып алыныўын талап етип атырған акциялар саны көрсетилген ҳалда жибериледи.

Акционерлердиң жәмийет тәрепинен өзлерине тийисли акциялардың сатып алыныўы ҳаққында талаплары, акционерлердиң улыўма жыйналысында тийисли шешим қабыл етилген күннен баслап қырық бес күннен кешиктирилместен берилиўи керек.

Усы статьяның 4-бөлиминде көрсетилген мүддеттиң питиўи менен жәмийет отыз күн даўамында сатып алыў ҳаққында талап қойған акционерлерден акцияларды сатып алыўға миннетли.

Жәмийет тәрепинен акциялардың сатып алыныўы, оның күн тәртиби, олар бойынша даўыс бериў усы Нызамға муўапық жәмийет тәрепинен акциялардың сатып алыныўын талап етиў ҳуқықының пайда болыўына алып келетуғын мәселелерди өз ишине алған, улыўма жыйналысты өткериў ҳаққында мәлимлемеде көрсетилген баҳа бойынша әмелге асырылады. Жәмийет тәрепинен акцияларды сатып алыўға қаратылған қаржылардың улыўма муғдары, акционерлерде өзлерине тийисли акцияларды сатып алыўды талап етиў ҳуқықының пайда болыўына алып келген шешимниң қабыл етилиўи сәнесинде, жәмийеттиң нақ активлериниң баҳасының он процентинен артпаўы тийис. Егер, оларға байланыслы сатып алыў ҳаққында талап билдирилген акциялардың

улыўма саны, жоқарыда белгиленген шеклеўлерди есапқа алыў мүмкин болған акциялардың санынан асып кеткен жағдайда, акциялар акционерлердиң қойған талапларына сәйкес түрде сатып алынады.

Жәмийет тәрепинен сатып алынған акциялар, ол қайта шөлкемлестирилген жағдайда оларды сатып алыўда өтеледи.

Жәмийет тәрепинен усы Нызамның 44-статьясында нәзерде тутылған басқа да жағдайларда сатып алынған акциялар жәмийеттиң бийлигине келип түседи. Усы көрсетилген акциялар даўыс бериў ҳуқықын бермейди, даўысларды санағанда есапқа алынбайды, олар бойынша дивидендлер есапланбайды. Бундай акциялар, олар сатып алынған ўақыттан баслап бир жылдан кешиктирместен сатылыўы тийис болады, бундай болмаған жағдайда, акционерлердиң улыўма жыйналысы усы көрсетилген акцияларды өтеў жолы менен жәмийеттиң уставлық қаржыларын азайтыў ҳаққында шешим қабыл етиўи тийис болады.

### 46-статья. Мүлктиң базар баҳасын анықлаў

Мүлктиң базар баҳасы, жәмийеттиң акцияларының ямаса басқа да баҳалы қағазларының баҳасын қоса алғанда, ол бойынша сатыўшы мүлктиң баҳасы ҳаққында толық мәлимлемеге ийе болып және оны сатыўға миннетли болмаса да оны сатыўға келисим берген болса, ал сатып алыўшы мүлктиң баҳасы ҳаққында толық мәлимлемеге ийе болып ҳәм оны сатып алыўға миннетли болмаса да, оны сатып алыўға келисим бергендеги баҳа болып табылады.

Мүлктиң базар баҳасын анықлаў ушын баҳалаўшы шөлкем тартылыўы мүмкин. *(ҚР ЖК 30.06.2011-ж. 88/VI-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Мүлктиң базар баҳасын анықлаў ушын баҳалаўшы шөлкемди тартыў, усы Нызамның 45-статьясына муўапық, жәмийет тәрепинен акционерлерден оларға тийисли акциялардың сатып алыныўы жағдайында миннетли болып табылады. *(ҚР ЖК 30.06.2011-ж. 88/VI-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Егер, жәмийеттиң акцияларының ийеси мәмлекет болған жағдайда, мәмлекетлик финанс қадағалаў уйымы тартылыўы шәрт.

Егер баҳасы анықланыўы талап етилетуғын мүлк, сатып алыў баҳасы ямаса талап етиў баҳасы ҳәм усыныў баҳасы турақлы түрде баспа сөзде жәрияланып барылатуғын акциялар ямаса басқа да баҳалы қағазлар болса, бул мүлктиң базар баҳасын анықлаў ушын, усы сатып алыў баҳасы ямаса талап баҳасы ҳәм усыныў баҳасы дыққатқа алыныўы тийис болады.

# V-Б Ө Л И М
# АКЦИОНЕРЛЕРДИҢ РЕЕСТРИ ҲӘМ АКЦИЯЛАРДЫ САҚЛАЎ

**47-статья. Жәмийет акционерлери реестри**

Жәмийет акционерлери реестри дизимнен өткерилген акциялар ийелериниң белгиленген сәнедеги жағдайға муўапық қәлиплескен, оларға тийисли акциялардың аты, саны, номинал баҳасы ҳәм типи, сондай-ақ, реестринде дизимнен өткерилген шахсларға хабарды жибериў имканиятын беретуғын мағлыўматлар көрсетилген дизим болып табылады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте, баҳалы қағазлар ийелериниң депозитарийлердеги депо есап бетлери жағдайына муўапық орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи тәрепинен әмелге асырылады.

Егер жәмийетке қатнаслы «алтын акция»ны енгизиў ҳаққында шешим қабыл етилген болса, жәмийет акционерлери реестрине мәмлекет ўәкили де киргизиледи.

Акционердиң акционерлер улыўма жыйналысында қатнасыўы, дивидендлер алыўы ҳәм эмитент тәрепинен корпоратив ҳәрекетлер орынланғанда нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа да ҳуқықларды әмелге асырыўы жәмийет акционерлериниң белгиленген сәнедеги жағдай бойынша қәлиплескен реестри тийкарында әмелге асырылады.

Қәлиплестирилген ҳәм орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийинен алынған жәмийет акционерлери реестрине өзгерислер киргизилиўине жол қойылмайды.

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў тәртибин бузған шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў ушын депозитарийлер:

реестрде дизимнен өткерилген шахслардың идентификация етилиўи;

реестрде дизимнен өткерилген шахслардың мәлимлеме алыў ҳәм оны усы шахсларға жоллаў ҳәмде реестрди қәлиплестириў имканиятын беретуғын акцияларға болған ҳуқықлары есапқа алыныўын;

реестрге өзгерислер киргизилиўине себеп болатуғын ҳүжжетлерди ҳәм барлық фактлер ҳаққындағы ҳәмде депозитарийлердиң бундай өзгерислерди киргизиў барысындағы барлық ҳәрекетлери ҳаққындағы мағлыўматтың нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддет ишинде топланыўы ҳәм сақланыўын тәмийинлеўи тийис.

Жәмийет акционерлери реестринде дизимнен өткерилген ҳәр бир шахс, оның атына жазылған акциялар саны ҳәм түрлери ҳаққындағы мағлыўматлар, сондай-ақ, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа да мағлыўматлар көрсетиледи.

Нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте:

орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи жәмийетлер акционерлери реестрлериниң қәлиплесиўин тәмийинлеўи ҳәм қәлиплескен реестрлерди сақлаўы шәрт;

жәмийет мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеден баслап бир айдан кешиктирмей орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи менен шәртнама дүзиўи шәрт.

Акционер өз акцияларына болған ҳуқықларын есапқа алыў бойынша хызмет көрсетиўши депозитарийди өзине тийисли мағлыўматлардағы өзгерислер ҳаққында өз ўақтында хабардар етиўи шәрт. Ол өзине тийисли мағлыўматлар өзгергенлиги ҳаққындағы хабарды усынбаған жағдайда, соның ақыбетинде акционерге жеткизилген зыян ушын орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи ҳәм акционердиң өз акцияларына болған ҳуқықларын есапқа алыў бойынша хызмет көрсетиўши депозитарий жуўапкер болмайды. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**48-статья. Депо есап бетинен көширме**

Депо есап бетинен көширме акционердиң акцияларға болған ҳуқықларын тастыйықлайтуғын, депозитарий тәрепинен берилетуғын ҳүжжет.

Акционерге оның акцияларға болған ҳуқықларын есапқа алыў бойынша хызмет көрсетиўши депозитарий акция ийесиниң яки оның нызамлы ўәкилиниң талабына муўапық еки жумыс күни ишинде депо есап бетинен көширмеге өзине тийисли болмаған хабарды, соның ишинде басқа баҳалы қағазлар ийелери ҳәмде оларға тийисли баҳалы қағазлардың саны ҳаққындағы хабарды киргизиўди талап етиў ҳуқықына ийе емес.

Депо есап бетинен көширме берген шахс онда көрсетилген мағлыўматлардың толықлығы ҳәм дурыслығы ушын жуўапкер. Депо есап бетинен көширме бериў тәртиби, көширмениң формасы ҳәм мазмунына қарай талаплар баҳалы қағазлар базарын тәртипке салыў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйым тәрепинен белгилеп қойылады.

Мәмлекет ўәкилине депо есап бетинен көширме бериў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Мәмлекет ўәкилине акционерлер реестринен көширме бериў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

*(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

*(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**49-статья. Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў шәртлери ҳәм тәртиби**

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў акционерлик жәмийеттиң яки баҳалы қағазлар базарын тәртипке салыў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйымның тапсырмасы тийкарында орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи тәрепинен әмелге асырылады. Реестрдиң қайсы сәнеге қәлиплесиўи реестрди қәлиплестириў ҳаққындағы тапсырмада көрсетиледи.

Мәмлекет ўәкилин жәмийет акционерлери реестрине киргизиў ҳаққындағы жазыў, мәмлекет ўәкилин тайынлаў ҳаққындағы тийисли шешим қосымша етилген ҳалда, Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик мүлкти басқарыў бойынша мәмлекетлик комитети тәрепинен орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийине билдириў тийкарында әмелге асырылады.

Акционерлик жәмийет жәмийеттиң акционерлери реестрин қәлиплестириў ҳаққындағы тапсырмаларда қол қойыў ҳуқықына ийе болған шахслар ҳаққында орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийин нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жазба түрде хабардар етиўи шәрт.

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириўди бийкарлаўға жол қойылмайды, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған ҳаллар буған кирмейди.

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў бийкар етилген жағдайда, орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи реестрин қәлиплестириў бийкар етилгенлиги ҳаққындағы тийкарланған билдириўди тапсырма келип түскен пайыттан баслап бес күннен кешиктирмей жибереди.

Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў бийкар етилгенлиги үстинен судқа шағым етилиўи мүмкин. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**50-статья. Жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў тәртибин бузғанлық ушын жуўапкерлик**

Акционерлик жәмийет, трансфер-агент, орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийи ҳәм баҳалы қағазлардың номинал сақлаўшылары жәмийет акционерлери реестриндеги мағлыўматлардың толықлығы ҳәмде дурыслығы ушын солидар жуўапкер болады ҳәм өзлериниң ҳәрекетлери яки ҳәрекетсизлиги менен акционерге жеткизилген зыянның орнын қаплаўы шәрт. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**51-статья. Баҳалы қағазлардың көрсетилген сақлаўшысы**

Баҳалы қағазлардың номинал сақлаўшылары депозитарийлер болып есапланады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**52-статья. Акцияларды сақлаў**

Акцияларды сақлаў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийинде әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

## VI-Б Ө Л И М
## ДИВИДЕНДЛЕР

**53-статья. Дивиденд**

Дивиденд пайданың салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер төленгеннен кейин, қайта инвестиция әмелге асырылғаннан кейин акционерлик жәмийеттиң бийлигинде қалатуғын, акционерлер ортасында бөлистирилиўи тийис болған бөлеги болып есапланады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийет акциялардың ҳәр түри бойынша жәрияланған дивидендлерди төлеўге миннетли.

Акционерлик жәмийеттиң улыўма жыйналысының шешими бойынша дивиденд ақша қаржылары менен ямаса басқа да нызамлы төлем қаржылары менен төленеди.

Дивиденд акционерлер арасында оларға тийисли акциялардың саны ҳәм түрине қарай сәйкес түрде бөлистириледи.

**54-статья. Дивидендлерди төлеў мүддетлери** *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Егер усы Нызам ҳәм жәмийеттиң уставы менен басқа нәрсе белгиленбеген болса, жәмийет ҳәр шерек сайын, ҳәр ярым жылда ямаса жылына бир рет жайластырылған акциялар бойынша дивидендлер төлеў ҳаққында шешим қабыл етиўге (жәриялаўға) ҳақылы.

**55-статья. Дивидендлерди төлеў ҳаққындағы шешим**

Акциялардың ҳәр бир түри бойынша дивидендлер (жылдың ҳәр бир шереги, ярым жыллығы, жыллығы бойынша) төлеў, дивиденд муғдары ҳәмде оны төлеў формасы ҳаққындағы шешим жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң усынысы тийкарында акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен қабыл етиледи. Дивидендлердиң муғдары жәмийеттиң бақлаў кеңеси усынған муғдардан көп

болыўы мүмкин емес. Акционерлердиң улыўма жыйналысы акцияның белгили бир типлери бойынша дивидендлер төленбеўи ҳаққында, сондай-ақ, жәмийет уставында дивиденд муғдары белгилеп қойылған жергиликли акциялар бойынша толық болмаған муғдарда дивидендлер төлеў ҳаққында шешим қабыл етиўге ҳақылы.

Дивидендлер төлеў ҳаққындағы шешимде дивидендлер төлеў басланатуғын ҳәм тамамланатуғын сәнелер көрсетилген болыўы тийис.

Жылдың ҳәр бир шереги, ярым жыллығы бойынша дивидендлер төлеў ҳаққындағы шешим (дағаза) тийисли ўақыт тамамланғаннан соң еки ай ишинде қабыл етилиўи мүмкин.

Егер дивидендлер төлеў ақыбетинде акционерлик жәмийеттиң финанс-хожалық жағдайы айтарлықтай тәризде төменлесетуғын болса, дивидендлер төлеў қадаған етиледи. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**56-статья. Дивидендлерди төлеў тәртиби**

Дивидендлер жәмийет бийлигинде қалатуғын сап пайдадан ҳәм (ямаса) өткен жыллардың бөлистирилмеген пайдасынан төленеди. Белгили бир түрдеги жеңилликли акциялар бойынша дивидендлер жәмийеттиң бул ушын арнаўлы қаратылған қорлары есабынан төлениўи мүмкин. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Дивидендлерди төлеў мүддети ҳәм тәртиби жәмийет уставында яки акционерлердиң улыўма жыйналысы қарары менен белгиленеди. Дивидендлерди төлеў мүддети сондай шешим қабыл етилген күннен баслап 60 күннен кеш болмаўы тийис. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Дивидендлерди төлегенде биринши гезекте артықмашлық берилген акциялар бойынша дивиденлер төленеди. Артықмашлық берилген акциялар бойынша муғдары белгиленген дивидендлер төлеў ушын жеткиликли дәрежеде пайда алынған болса, жәмийет усы акцияларды сақлаўшыларға дивидендлер төлеўден бас тартыўға ҳақылы емес. Жәмийет буннан бас тартқан жағдайда, акционерлер дивидендлер төлеўди суд арқалы талап етиўи мүмкин. Пайданың жеткиликсизлиги ямаса жәмийеттиң зыян көриўи жағдайында жәмийет тәрепинен артықмашлық берилген акциялар бойынша дивидендлер төлеў, усы мақсет ушын дүзилген жәмийеттиң резервлик қорының есабынан ҳәм оның шеклеринде ғана мүмкин болады. Ийеси ямаса оның нызамлы түрде исин даўам еттириўши ямаса мийрасхоры тәрепинен талап қойыўдың ескириў мүддети ушын белгиленген мүддетлерде талап етилмеген дивиденд, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша жәмийеттиң бийлигинде қалады.

Өзбекстан Республикасының резиденти емес акционерлери тәрепинен алынған дивидендлерди еркин конвертацияланатуғын валютаға алмастырыў

нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Төленген дивидендлердиң муғдары ҳәм оларды есаплаў сәнеси ҳаққында акционерлердиң реестринен эмитент тәрепинен тастыйықланған көширме ҳәм акционерлик жәмийеттиң бухгалтериясының мағлыўматнамасы конвертациялаў ушын тийкар болып хызмет етеди.

**57-статья. Дивидендлер төлеўди әмелге асырыўға мүмкин акциялар**

Дивидендлерди жәриялаў ҳаққында шешим қабыл етилген акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ушын қәлиплестирилген жәмийет акционерлери реестринде дизимге алынған акционерлер дивиденд алыў ҳуқықына ийе. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Мәмлекетлик кәрханаларды қайта дүзиў нәтийжесинде шөлкемлестирилген акционерлик жәмийетлерде дивидендлер уставлық қорының басланғыш муғдарына муўапық рәўиште, бар акциялардың толық муғдары бойынша, акциялардың мәмлекетке тийисли, ҳақы төлениўи ҳаққындағы шешим қабыл етилип атырған ўақытта сатылмай қалған бөлегин де есапқа алған ҳалда әмелге асырылады.

**58-статья. Төленбеген ҳәм алынбаған дивидендлер**

Эмитент акционерлердиң улыўма жыйналысы белгиленген мүддетлерде дивидендлерди өз айыбы менен төлемеген жағдайда төленбеген ҳәм толық алынбаған дивидендлер бойынша Орайлық банк белгилеген қайта қаржыландырыў ставкалары бойынша пеня жазылады.

Акционерлик жәмийет тәрепинен жәрияланған дивидендлерди төлеўди акционер суд тәртибинде талап етиўге ҳақылы. Буннан бас тартқан жағдайда, жәмийетке байланыслы төлеўге уқыпсызлық жағдайын сапластырыў илажы қолланылады ямаса нызам менен белгиленген тәртипте банкротлығы жәрияланады.

**59-статья.** *Қарақалпақстан Республикасының 1998-жыл 10-сентябрьдеги №388/1-санлы Нызамы менен алып тасланған*

**60-статья. Дивидендлерди төлеўде шеклеўлер**

Жәмийет:

Жәмийеттиң барлық уставлық қорын толық төлегенге дейин:

- егер дивидендлерди төлеў ўақтына ол төлеўге шамасы келмеў жағдайының (банкротлықтың) белгилерине жуўап берсе, ямаса усы белгилер жәмийетте дивидентлерди төлеў нәтийжесинде пайда болса;

- егер жәмийеттиң нақ активлериниң баҳасы оның уставлық ҳәм резервлик қорының муғдарынан аз болса, акциялар бойынша дивидендлер төлеў ҳәм жәриялаў ҳаққында шешим қабыл етиўге ҳақылы емес.

**61-статья. Дивидендлерди төлеў ҳаққында акционерлерге хабарлаў**

Жәмийет дивидендлердиң муғдарын олардан өндирилетуғын салықларды есапқа алмастан жәриялайды. Ашық акционерлик жәмийет төленетуғын дивидендлер муғдары ҳаққындағы мағлыўматларды нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддетлерде ғалаба хабар қуралларында жәриялайды. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Егер қарыйдардың тапсырыўы бойынша акцияларды басқарыў баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшысы тәрепинен әмелге асырылса, онда дивидендлер муғдары қарыйдар менен шәртнамада белгиленетуғын инвестициялық институтқа берилетуғын сыйлық муғдарын алып таслап, акцияларды сақлаўшыға төленеди. *(ҚР ЖК 28.12.2010-ж. 64/IV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**62-статья. Дивидендлер бойынша салынатуғын салық**

Дивидендлер нызамға муўапық салыққа тартылады.

Мәмлекет баҳалы қағазлар базарын раўажландырыўды хошаметлеў мақсетлеринде белгиленген тәртипте дивидендлер бойынша салынатуғын салықларға байланыслы ўақытша жеңилликлер белгилеўи мүмкин.

## VII-БӨЛИМ
## АКЦИОНЕРЛИК ЖӘМИЙЕТТИ БАСҚАРЫЎ

**63-статья. Акционерлик жәмийетти басқарыў**

Акционерлик жәмийетти акционерлердиң улыўма жыйналысы, бақлаў кеңеси ҳәм атқарыў уйымы басқарады.

**64-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысы**

Акционерлердиң улыўма жыйналысы жәмийетти басқарыўдың жоқары уйымы болып табылады.

Жәмийет ҳәр жылы акционерлердиң улыўма жыйналысын (акционерлердиң есап бериў улыўма жыйналысын) өткериўге миннетли.

«Акционерлердиң улыўма есап бериў жыйналысы жәмийет уставында белгиленген мүддетлерде, лекин финанс жылы тамам болғаннан кейин алты айдан кешиктирилмей өткериледи. Акционерлердиң улыўма есап бериў жыйналысында жәмийеттиң бақлаў кеңеси ҳәм тексериў комиссиясын (тексериўшини) сайлаў ҳаққындағы, жеке басшылық тийкарында атқарыўшы уйым менен коллегиаллық атқарыўшы уйымның ағзалары, басқарыўшы шөлкем

ямаса басқарыўшы менен дүзилген шәртнаманың ҳәрекет етиў мүддетин созыў (шәртнаманы қайта дүзиў ямаса оны тоқтатыў (бийкарлаў)) мүмкиншилиги ҳаққындағы аудиторлық тексериў өткериў ҳаққында шешим қабыл етиў туўралы мәселелер, аудиторлық шөлкем ҳәм оның хызметине төленетуғын ҳақысы муғдарының шегарасын белгилеў мәселелери шешиледи, сондай-ақ усы Нызамның 65-статьясы биринши бөлиминиң он үшинши абзацына муўапық жәмийеттиң бир жыллық есабаты ҳәм басқа ҳүжжетлер қарап шығылады.»

Акционерлердиң жыллық жыйналысынан тысқары өткерилетуғын улыўма жыйналыслары гезексиз болып табылады.

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў сәнеси ҳәм тәртиби, оны өткериў ҳаққында акционерлерге хабарлаў акционерлердиң улыўма жыйналысына таярлық барысында акционерлерге берилетуғын материаллар (мәлимлемелер) дизими жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**65-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысының бийлигиндеги мәселелер**

Акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей бийлигиндеги мәселелерге төмендегилер киреди:

жәмийеттиң уставына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ямаса жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставын тастыйықлаў;

жәмийетти қайта шөлкемлестириў;

жәмийетти сапластырыў, сапластырыўшыны тайынлаў ҳәм аралық және ақырғы сапластырыў, балансларын тастыйықлаў; *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң санлық қурамын анықлаў, олардың ағзаларын сайлаў ҳәм олардың ўәкилликлерин мүддетинен бурын тоқтатыў;

жәрияланған акциялардың барған шектеги муғдарын анықлаў;

жәмийеттиң уставлық қорын көбейтиў;

жәмийеттиң уставлық қорын азайтыў;

өз акцияларын қайта сатып алыў;

егер жәмийеттиң уставына  бул мәселелердиң шешими жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң бийлигине киреди деп көрсетилген болмаса, жәмийеттиң атқарыў уйымын дүзиў (сайлаў, тайынлаў, жаллаў ҳәм басқалар), оның ўәкилликлерин мүддетинен бурын тоқтатыў;

жәмийеттиң тексериў комиссиясының ағзаларын (ревизорды) сайлаў ҳәм олардың ўәкилликлерин мүддетинен бурын тоқтатыў;

«аудиторлық тексериў өткериў ҳаққында, аудиторлық шөлкемниң ҳәм оның хызметине төленетуғын ҳақысы муғдары шегарасын белгилеў ҳаққында шешим қабыл етиў»;

жәмийеттиң жыллық бизнес-жобасын, жыллық есабатларын, бухгалтерлик балансларын, пайдалар ҳәм зыянларының есапларын тастыйықлаў, оның пайдаларын ҳәм зыянларын бөлистириў;

жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң өз ўәкиллигине киретуғын мәселелерге байланыслы, соның ишинде жәмийетти басқарыў бойынша нызам ҳүжжетлеринде белгиленген талапларға байланыслы болған есабатларды тыңлаў; *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

усы Нызамның 39-статьясында нәзерде тутылған акционердиң акцияларды ҳәм акцияларға конвертацияланатуғын баҳалы қағазларды сатып алыўының артықмашлық берилген ҳуқықын қолланбаў ҳаққында шешим қабыл етиў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

улыўма жыйналыстың регламентин тастыйықлаў;

акцияларды бөлшеклеў ҳәм беккемлеў;

усы Нызамның 93-статьясында нәзерде тутылған жағдайларда келисимлер дүзиў;

усы Нызамның 90-статьясында нәзерде тутылған жағдайларда жәмийет тәрепинен мүлклерди сатып алыўға ҳәм алып қойыўға байланыслы ири келисимлерди әмелге асырыў;

усы Нызам менен нәзерде тутылған басқа да мәселелерди шешиў.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей ўәкилликлерине киргизилген мәселелер жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң шешиўи ушын берилиўи мүмкин емес, төмендегилер буған кирмейди:

усы Нызамның 16 ҳәм 21-статьяларына муўапық жәмийеттиң уставына оның уставлық қорын көбейтиў менен байланыслы өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққындағы мәселелерди шешиў;

усы Нызамның 86-статьясының он биринши бөлимине муўапық жәмийеттиң жеке басшылық тийкарындағы орынлаўшы уйымы менен, коллегиаллық атқарыўшы, орынлаўшы ағзалары, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы менен дүзилген шәртнаманы мүддетинен бурын тоқтатыў (бийкарлаў) ҳаққындағы мәселени шешиў;

усы Нызамның 82-статьясының биринши бөлиминиң он биринши абзацына муўапық жыллық бизнес-жобаны тастыйықлаў.

Усы Нызамның 16 ҳәм 26-статьяларына муўапық, жәмийеттиң уставлық қаржысын көбейтиўге байланыслы жәмийеттиң уставына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында мәселелердиң шешиминен басқа акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей бийлигине берилген мәселелер жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң шешимине берилиўи мүмкин емес.

**66-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими**

Акционерлердиң улыўма жыйналысында даўысқа қойылған мәселелер бойынша даўыс бериў ҳуқықына төмендегилер ийе болады:

жәмийеттиң әпиўайы (әдеттеги) акцияларының ийелери болған акционерлер;

усы Нызамда ҳәм жәмийеттиң уставында нәзерде тутылған жағдайларда жәмийеттиң артықмашлық берилген акцияларының ийелери болған акционерлер.

Даўысқа қойылған мәселени шешиўде оның ийеси болған акционерлерге даўыс бериў ҳуқықын беретуғын әпиўайы (әдеттеги) акция ямаса артықмашлық берилген акция - жәмийеттиң даўыс бериўши акциясы болып табылады. Егер артықмашлық берилген акция, даўыс бериўши акциялардың саны анықланғанда, оның ийесине бир даўыстан көп даўыс берген жағдайда, усындай артықмашлық берилген акция бойынша ҳәр бир даўыс, айырым даўыс бериўши акция сыпатында есапқа алынады.

Егер шешим қабыл етиў ушын усы Нызамда ямаса жәмийеттиң уставында акционерлер берген даўыстың көбирек саны белгиленген болмаса, даўыс бериўге қойылған мәселе бойынша акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими, жыйналысқа қатнасқан жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының ийелери болған акционерлердиң көпшилик даўысы менен қабыл етиледи.

Усы Нызамның 21-статьясының екинши ҳәм төртинши бөлимлеринде көрсетилген мәселелер бойынша шешим, егер усы шешимди қабыл етиў ўәкиллиги жәмийеттиң бақлаў кеңесине берилмеген болса, акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасып атырған, жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының ийелери болған акционерлердиң көпшилик даўысы менен қабыл етиледи. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Қойылған мәселени шешиўде даўыс бериў ҳуқықына жәмийеттиң әпиўайы ҳәм артықмашлық берилген акцияларының ийелери болған акционерлер жәмийетиниң улыўма жыйналысында, даўысқа қойылған мәселе бойынша даўысларды есаплаў, егер усы Нызамда ямаса жәмийеттиң уставында басқа нәрсе белгиленген болмаса, барлық даўыс бериўши акциялар бойынша бирликте әмелге асырылады.

Усы Нызамның 65-статьясы 1-бөлиминиң 2 ҳәм 12-абзацларында көрсетилген мәселелер бойынша шешим, егер жәмийеттиң уставында басқа нәрсе белгиленген болмаса, акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен, тек жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң усынысы бойынша әмелге асырылады.

Усы Нызамның 65-статьясы 1-бөлиминиң 2-4, 6 ҳәм 18-абзацларында көрсетилген мәселелер бойынша шешим, акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен, акционерлердиң улыўма жыйналысына қатнасқан даўыс бериўши акциялардың ийелери болған акционерлердиң төрттен үш көпшилик даўысы менен қабыл етиледи.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен акционерлердиң улыўма жыйналысын алып барыў тәртиби бойынша шешим қабыл етиў тәртиби жәмийеттиң уставы ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими менен тастыйықланған жәмийеттиң ҳүжжетлери менен белгиленеди.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы жыйналыстың күн тәртибине киргизилмеген мәселелер бойынша шешим қабыл етиўге сондай-ақ, күн тәртибине өзгерислер киргизиўге ҳақылы емес. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен қабыл етилген шешим,сондай-ақ, даўыс бериўдиң жуўмақлары, усы Нызамда ҳәм жәмийеттиң уставында нәзерде тутылған тәртипте ҳәм мүддетлерде, бирақ усы шешимлер қабыл етилген сәнеден қырық бес күннен кешиктирмей акционерлердиң дыққатына жеткериледи.

Акционерлердин улыўма жыйналысы тәрепинен мәмлекет ўәкили қатнасыўысыз қабыл етилген шешимлер, сондай-ақ вето қойылған шешимлер орынланбайды. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Егер, ол акционерлердиң улыўма жыйналысына унамлы себеп пенен қатнаспаған ямаса усындай шешимди қабыл етиўге қарсы даўыс берген ҳәм усы көрсетилген шешим менен оның ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери бузылған жағдайда акционер, акционердиң улыўма жыйналысы тәрепинен усы Нызамның талапларын Қарақалпақстан Республикасының басқа да ҳуқықый актлериниң, жәмийеттиң уставының талапларын бузыў менен қабыл етилген шешимге байланыслы судқа шағым етиўге ҳақылы.

**67-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысының сырттан даўыс бериўди өткериў жолы менен (сораў жүргизиў жолы менен) қабыл етилетуғын шешими**

Жабық акционерлик жәмийет акционерлери улыўма жыйналысының шешими жыйналыс өткерилместен, сырттан даўыс бериўди өткериў жолы менен (сораў жүргизиў жолы менен) жәмийет уставында белгиленген тәртипте қабыл етилиўи мүмкин.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей бийлигиндеги мәселелер бойынша шешими сырттан даўыс бериўди өткериў жолы менен (сораў жүргизиў жолы менен) қабыл етилиўи мүмкин емес.

Егер, даўыс бериўге жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының жәми кеминде жетпис бес процентине ийе болған акционерлер қатнасса, акционерлердиң сырттан даўыс бериў жолы менен (сораў жүргизиў жолы менен) қабыл етилген шешими ҳақыйқый болып есапланады.

Сырттан даўыс бериў, усы Нызамның 77-статьясының талапларына жуўап беретуғын, даўыс беретуғын бюллетеньлерин пайдаланыў менен өткериледи. Акционерлерге даўыс бериў ушын бюллетеньлер бериў сәнеси жәмийет тәрепинен

бюллетеньлерди қабыл етиў тамамланатуғын күннен кеминде отыз күн бурын белгилениўи тийис.

Мәмлекет ўәкили акционерлердиң улыўма жыйналысының сырттан даўыс бериў жолы менен (сораў жолы менен) қабыл етилген шешимине вето қойыўға ҳақылы. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**68-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ҳуқықы**

Акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ҳуқықына акционерлердиң улыўма жыйналысы өткерилетуғын рәсмий жәрияланған сәнеден 3 календарлық күн алдын қәлиплескен жәмийет акционерлери реестринде дизимге алынған акционерлер ийе болады.

Акционердиң талабына муўапық жәмийет акционерге акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ушын қәлиплескен жәмийет акционерлери реестрине киргизилгенлиги ҳаққындағы мағлыўматты бериўи шәрт.

Жәмийет акционерлериниң қәлиплескен реестрине өзгерислер усы реестр дүзилген сәнеде оған киргизилмей қалған шахслардың бузылған ҳуқықлары тикленген ямаса реестрди дүзиўде жол қойылған қәтелер дүзетилген жағдайда ғана нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте киргизилиўи мүмкин. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**69-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ҳаққындағы хабар**

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ҳаққында акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине хабар бериў тийисли хабарды газетада жәриялаў ҳәмде акционерлердиң улыўма жыйналысы өткерилиўи рәсмий жәрияланған сәнеден 30 календарлық күн алдын қәлиплескен жәмийет акционерлери реестри тийкарында оларға билдириўнама жибериў арқалы әмелге асырылады.

Акционерлик жәмийет акционерге ҳәм мәмлекет ўәкилине билдириўнаманы ғәрезсиз рәўиште яки жәмийет ҳәм баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшысы ортасында тийисли хызметлер көрсетилиўи ушын дүзилетуғын шәртнамаға муўапық баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшысы арқалы жибериўге ҳақылы.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы өткерилиўи ҳаққында акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине хабар етиў мүддети жәмийет уставында белгилеп қойылады. Ашық акционерлик жәмийет акционерлерине ҳәм мәмлекет ўәкилине акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ҳаққындағы билдириўнама жыйналыс өткерилетуғын сәнеден кеминде 10 календарлық күн алдын жиберилиўи керек.

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ҳаққындағы хабарда төмендегилер көрсетилиўи керек:

жәмийеттиң атамасы ҳәм жайласқан жери (почта мәнзили);

улыўма жыйналыс өткерилетуғын сәне, ўақыт ҳәм орын;

жәмийет акционерлери реестри дүзилетуғын сәне;

улыўма жыйналыстың күн тәртибине киргизилген мәселелер;

улыўма жыйналысты өткериўге таярлық көриўде акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине усынылыўы тийис болған мағлыўмат (материаллар) менен акционерлерди ҳәм мәмлекет ўәкилин таныстырыў тәртиби.

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериўге таярлық көриўде акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине усынылыўы тийис болған мағлыўматқа (материалларға) жәмийеттиң жыллық есабаты, жәмийеттиң жыллық финанс-хожалық жумысын тексериў нәтийжелери бойынша жәмийеттиң тексериў комиссиясының (тексериўшиниң) ҳәм аудиторлық шөлкемниң жуўмағы, жәмийет бақлаў кеңесиниң жеке басшылық тийкарындағы атқарыў уйымы менен, коллегиал атқарыў уйымының ағзалары, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы менен дүзилген шәртнаманың ҳәрекет етиў мүддетин узайтыў, шәртнаманы қайта дүзиў ямаса оны бийкарлаў мүмкинлиги ҳаққында жуўмағы, жәмийет бақлаў кеңеси ҳәм тексериў комиссиясы ағзалығына (тексериўшиликке) талабанлар ҳаққындағы мағлыўматлар, жәмийет уставына киргизилетуғын өзгерислер ҳәм қосымшалар жойбары ямаса жәмийеттиң жаңа редакциядағы уставының жойбары киреди.

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериўге таярлық көриўге акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине усынылыўы мәжбүрий болған қосымша мағлыўмат (материаллар) дизими баҳалы қағазлар базарын тәртиплестириў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйым тәрепинен белгилеп қойылыўы мүмкин. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**70-статья. Жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысының тәртибине усыныслар**

Жәми қоса алғанда жәмийеттиң кеминде бир процент даўыс бериўши акцияларының ийелери болған жәмийет акционерлери (акционери), егер жәмийеттиң уставында оннан кеширек мүддет белгиленген болмаса, жәмийеттиң финанс жылы тамамланғаннан кейин отыз күннен кешиктирилмеген мүддет ишинде, акционерлердиң улыўма жыллық жыйналысының күн тәртибине еки усыныстан көп болмаған усыныс киргизиўге ҳәм жәмийеттиң бақлаў кеңесине және жәмийеттиң тексериў комиссиясына (тексериўшиликке) олардың саны уйымның санлық қурамынан артық болмаған талабанларды усыныўға ҳақылы.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибине мәселе жазба түрде оны қойыў себеплерин, мәселе киргизген акционердиң (акционерлердиң) атын, оған тийисли акциялардың санын ҳәм түрин көрсетиў менен киргизиледи.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесине ҳәм тексериў комиссиясына (тексериўшиликке) талабанлар көрсетиў ҳаққында усынıслар киргизгенде, соның

ишинде өзин-өзи усыныў жағдайында кандидаттың аты, оған тийисли акциялардың саны ҳәм түри (егер кандидат жәмийеттиң акционери болған жағдайда), сондай-ақ, кандидаты көрсетилген акционерлердиң аты, оларға тийисли акциялардың саны ҳәм түри көрсетиледи.

Жәмийеттиң бақлаў кеңеси, усы статьяның биринши бөлиминде белгиленген мүддет питкеннен кейин, он бес күннен кешиктирместен, келип түскен усынысларды қарап шығыўға ҳәм оларды акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибине киргизиў ямаса күн тәртибине киргизиўден бас тартыў ҳаққында шешим қабыл етиўге миннетли. Акционер (акционерлер) тәрепинен киргизилген мәселе акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибине киргизилиўи тийис болады, тап сондай-ақ көрсетилген талабанларда жәмийеттиң бақлаў кеңесине ҳәм тексериў комиссиясына (тексериўшиликке) сақлаў бойынша даўыс бериў ушын талабанлардың дизимине киргизилиў тийис болады, төмендеги жағдайлар буған кирмейди:

акционер (акционерлер) тәрепинен усы статьяның биринши бөлиминде белгиленген мүддет сақланбаса;

акционер (акционерлер) жәмийеттиң усы статьяның биринши бөлиминде нәзерде тутылған даўыс бериўши акцияларының санының ийеси болмаса;

усы статьяның үшинши бөлиминде нәзерде тутылған мағлыўматлар толық болмаса;

усыныслар усы Нызамның ямаса басқа да нызам актлериниң талапларына муўапық келмесе.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибине мәселени киргизиўден ямаса жәмийеттиң бақлаў кеңесине ҳәм тексериў комиссиясына (тексериўшиликке) сақлаў бойынша даўыс бериў ушын талабанлардың дизимине кандидатты киргизиўден бас тартыў ҳаққында жәмийет бақлаў кеңесиниң тийкарланған шешими, ол қабыл етилген сәнеден кейин үш күннен кешиктирместен, мәселени киргизген ямаса усыныс берген акционерге (акционерлерге) жибериледи.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибине мәселе киргизиўден ямаса жәмийеттиң бақлаў кеңесине ҳәм тексериў комиссиясына (тексериўшилерге) сайлаў бойынша даўыс бериў ушын талабанлар дизимине талабанды киргизиўден бас тартыў ҳаққында жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң шешимине байланыслы судқа шағым етилиўи мүмкин.

### 71-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериўге таярлық

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериўге таярлық көрилип атырғанда жәмийеттиң бақлаў кеңеси, усы Нызамның 72-статьясының он екинши бөлиминде нәзерде тутылған жағдайларда болса улыўма жыйналысты шақырыўшы шахслар төмендегилерди белгилейди:

улыўма жыйналыс өткерилетуғын сәне, ўақыт ҳәм орынды;

улыўма жыйналыстың күн тәртибин;

улыўма жыйналыс өткерилиўи ҳаққында хабарлаў ушын жәмийет акционерлери реестри дүзилетуғын сәнени;

улыўма жыйналысты өткериў ушын жәмийет акционерлери реестри дүзилетуғын сәнени;

улыўма жыйналыс өткерилиўи ҳаққында акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине хабар етиў тәртибин;

улыўма жыйналысты өткериўге таярлық көрилип атырғанда акционерлерге ҳәм мәмлекет ўәкилине усынылатуғын мағлыўмат (материаллар) дизимин;

даўыс бериў бюллетенининң формасы ҳәм текстин.

Анық мәселе қойылыўын сәўлелендирмейтуғын тәрийплердиң (соның ишинде, «түрли мәселелер», «басқа мәселелер», «өзге мәселелер» ҳәм т.б.) акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибине киргизилиўине жол қойылмайды.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы өткерилетуғын сәне оны өткериў ҳаққында шешим қабыл етилген күннен баслап 30 күннен кем ҳәм 45 күннен көп белгилениўи мүмкин емес. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**72-статья. Акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысы**

Акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысы жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң шешими бойынша оның өз интасы, тексериў комиссиясының талаплары, сондай-ақ, талап қойылған сәнеге жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының кеминде он процентиниң ийеси болған акционердиң (акционерлердиң) талаплары тийкарында өткериледи.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясының ямаса жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының кеминде он процентиниң ийеси болған акционердиң (акционерлердиң) талап етиўи бойынша акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў, жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын өткериў ҳаққында талаптың қойылыў ўақтынан баслап қырық бес күннен кешиктирместен әмелге асырылады.

Акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын өткериў ҳаққында талапта, олардың киргизиў себебин көрсетиў менен, жыйналыстың күн тәртибинде киргизилиўи тийис болған мәселелер келтирилген болыўы тийис.

Жәмийетти бақлаў кеңеси жәмийеттиң тексериў комиссиясының ямаса жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының кеминде он процентиниң ийеси болған акционердиң (акционерлердиң) талап етиўи бойынша шақырылған акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысының күн тәртибине киргизилетуғын мәселелердиң мәнисине өзгерислер киргизиўге ҳақылы емес.

Егер акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққындағы талап акционерден (акционерлерден) келип түскен жағдайда, онда акционерге

тийисли акциялардың саны, типи көрсетилген менен жыйналысты шақырыўды талап етиўши акционердиң (акционерлердиң) аты (атамасы) болыўы тийис. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққында талапқа акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыўды талап еткен адам (адамлар) қол қояды.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясы ямаса жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының keминде он процентиниң ийеси болған акционердиң (акционерлердиң) гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққында талабы қойылған сәнеден баслап он күн даўамында жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққында ямаса шақырыўдан бас тартыў ҳаққында шешими қабыл етилиўи тийис.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясының (ревизордың) ямаса жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының кеминде он процентиниң ийеси болған акционердиң (акционерлердиң) талап етиўи бойынша гезексиз улыўма жыйналысын шақырыўдан бас тартыў ҳаққында шешим, төмендеги жағдайларда қабыл етилиўи мүмкин, егер:

акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыўды талап етиўши акционер (акционерлер), жәмийеттиң усы статьяның биринши бөлиминде нәзерде тутылған даўыс бериўши акцияларының санының ийеси болып табылмаса;

жәмийет акционерлериниң гезексиз улыўма жыйналысының күн тәртибине киргизиў ушын усынылған мәселелердиң бирде-биреўи де оның бийлигине кирмесе;

күн тәртибине киргизиў ушын усынылған мәселе, усы Нызамның ҳәм басқа да нызам актлериниң талапларына муўапық келмесе.

Акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққында жәмийет бақлаў кеңесиниң шешими ямаса оны шақырыўдан бас тартыў ҳаққында тийкарланған шешими, усы шешим қабыл етилген ўақыттан баслап үш күннен кешиктирмей, оны шақырыўды талап еткен адамларға жибериледи.

Акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыўда бас тартыў ҳаққында жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң шешимине байланыслы судқа шағым етилиўи мүмкин.

Егер, усы Нызам менен белгиленген мүддетлер ишинде, жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққында шешим қабыл етилмесе, ямаса оны өткизиўден бас тартыў ҳаққында шешим қабыл етилсе, акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысы, оны шақырыўды талап етиўши адамлар тәрепинен шақырылыўы мүмкин.

Бул жағдайда акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериўге таярлық бойынша шығынлар акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими менен жәмийет қаржыларының есабынан өтелиўи мүмкин.

**73-статья. Есаплаў комиссиясы**

Даўысларды санап шығыў, акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыўы ушын акционерлерди дизимге алыў, сондай-ақ, даўыс бериў бюллетенлерин тарқатыў ушын жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен есап-санақ комиссиясы дүзилип, оның ағзалары, саны ҳәм жеке қурамы акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен тастыйықланады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Есаплаў комиссиясының қурамы үш адамнан кем болыўы мүмкин емес. Есаплаў комиссиясына жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзалары, жәмийеттиң тексериў комиссиясының ағзалары, коллегиаллық атқарыў уйымының ағзалары, бирден-бир атқарыў уйымы, сондай-ақ басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы, соның менен қатар усы лаўазымларға талабанлар етип көрсетилген адамлар кириўи мүмкин емес.

Есаплаў комиссиясы акционерлердиң улыўма жыйналысында кворумның бар екенлигин анықлайды, акционерлердиң (олардың ўәкиллериниң) даўыс бериў ҳуқықын улыўма жыйналыста әмелге асырыўына байланыслы пайда болған мәселелерди түсиндиреди, даўысқа қойылған мәселелер бойынша даўыс бериў тәртибин түсиндиреди, даўыс бериўдиң белгиленген тәртибин ҳәм даўыс бериўге акционерлердиң қатнасыў ҳуқықларын тәмийинлейди, даўысларды санайды ҳәм даўыс бериўдиң жуўмақларын шығарады, даўыс бериўдиң жуўмақлары ҳаққында протокол дүзеди, даўыс бериў бюллетеньлерин архивке тапсырады.

**74-статья. Акционерлердиң ҳәм мәмлекет ўәкилиниң улыўма жыйналысқа қатнасыў тәртиби** *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ҳуқықы акционердиң жеке өзи тәрепинен ямаса оның ўәкили арқалы әмелге асырылады. Мәмлекет ўәкилиниң акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ҳуқықы оның жеке өзи тәрепинен әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акционер, акционерлердиң улыўма жыйналысында өзиниң ўәкилин қәлеген ўақытта алмастырыўға ямаса оған жеке өзи қатнасыўға ҳақылы.

Акционердиң ўәкили акционерлердиң улыўма жыйналысында, жазба түрде дүзилген исеним хатқа тийкарланып ҳәрекет етеди. Даўыс бериў ушын исеним хатта ўәкиллик бериўши ҳәм ўәкил ҳаққында мағлыўматлар (аты ямаса атамасы, мәкан жайы ямаса болатуғын орны, паспортына тийисли дәреклер) болыўы тийис. Физикалық шахс атынан берилген даўыс бериўге байланыслы исеним хаты нотариал түрде тастыйықланған болыўы керек. Юридикалық шахс атынан берилетуғын даўыс бериўге байланыслы исеним хаты нызам талапларында

белгиленген тәртипте бериледи. *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Егер жәмийеттиң акциясы бир неше адамлардың улыўма үлеслик меншигинде болса, онда акционерлердиң улыўма жыйналысында даўыс бериў бойынша ҳуқықлар, олардың ықтыяры бойынша улыўма үлеслик меншик қатнасыўшыларының бири тәрепинен ямаса олардың улыўма ўәкили тәрепинен әмелге асырылады. Усы көрсетилген адамлардың ҳәр бириниң ўәкилликлери тийисли түрде рәсмийлестирилген болыўы тийис.

### 75-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысының кворумы

Егер акционерлердиң улыўма жыйналысында қатнасыў ушын дизимге алыўдың тамамланыўы ўақтына жәми болып жәмийеттиң таратылған ҳәм жайластырылған даўыс бериўши акцияларының алпыс процентинен асламының ийелери болған акционерлер (олардың ўәкиллери) дизимге алынған болса, акционерлердиң улыўма жыйналысы толық ҳуқыққа (кворумға) ийе болады.

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ушын кворум болмаған жағдайда, акционерлердиң жаңадан улыўма жыйналысын өткериў сәнеси жәрияланады. Акционерлердиң жаңадан улыўма жыйналысы өткерилгенде күн тәртибин өзгертиўге жол қойылмайды.

Болмаған жыйналыстың орнына шақырылған акционерлердиң жаңадан өткерилетуғын улыўма жыйналысы, егер онда қатнасыў ушын дизимге алыў тамамланған ўақтына жәми болып жәмийеттиң жайластырған даўыс бериўши акцияларының кеминде алпыс процент даўысына ийе болған акционерлер (олардың ўәкиллери) дизимге алынған болса, толық ҳуқықлы болады.

Акционерлердиң жаңадан улыўма жыйналысын өткериў ҳаққында мәлим етиў, усы Нызамның 69-статьясында нәзерде тутылған түрде, оны өткериў сәнесине он күн қалған мүддеттен кешиктирместен әмелге асырылады.

Кворумның жоқлығына байланыслы акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў сәнеси жигирма күннен аз болған басқа ўақытқа көширилген жағдайда, улыўма жыйналыста қатнасыў ҳуқықына ийе болған акционерлер болмай қалған улыўма жыйналысқа қатнасыў ҳуқықына ийе болған акционерлердиң реестрине муўапық анықланады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

### 76-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысында даўыс бериў

Акционерлердиң улыўма жыйналысында даўыс бериў «жәмийеттиң даўыс бериўши бир акциясы - бир даўыс» принципине муўапық өткизиледи, жәмийеттиң бақлаў кеңеси ағзаларын сайлаў бойынша, кумулятив даўыс бериў жағдайлары ҳәм басқа да усы Нызамда нәзерде тутылған жағдайлар бул принциптен тысқары әмелге асырылады.

**77-статья. Даўыс бериў бюллетени**

Акционерлердиң улыўма жыйналысында күн тәртибиндеги мәселелер бойынша даўыс бериў - даўыс бериў бюллетеньлери менен әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Даўыс бериў бюллетениниң түри ҳәм оның тексти жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен тастыйықланады. Даўыс бериў бюллетени улыўма жыйналыста қатнасыў ушын дизимнен өткен акционерге (оның ўәкилине) бериледи.

Даўыс бериў бюллетенинде жәмийеттиң толық фирмалық атамасы, акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў сәнеси ҳәм ўақты, даўысқа қойылған ҳәр бир мәселениң мәниси ҳәм оны қарап шығыў гезеги, даўыс бериўге қойылған ҳәр бир мәселе бойынша «жақлап», «қарсы», ямаса «бийтәреп» сөзлери менен билдирилетуғын даўыс бериў вариантлары, даўыс бериў бюллетенине акционердиң қол қойыўы тийис екенлиги ҳаққында көрсетпе болады.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ямаса тексериў комиссиясының ағзасын (тексериўшисин) сайлаў ҳаққында мәселе бойынша даўыс бериўди өткерген жағдайда, даўыс бериў бюллетенинде талабан ҳаққында оның фамилиясы, исми, әкесиниң исми көрсетилген мағлыўматлар болыўы тийис.

**78-статья. Даўыс бериў бюллетеньлери жәрдеминде даўыс бериўде даўысларды санаў**

Даўыс бериў бюллетеньлери жәрдеминде даўыс берилгенинде, даўыс бериўши олар бойынша даўыс бериўдиң мүмкин болған вариантларынан тек биреўи қалдырылған болса, тек сол мәселе бойынша ғана даўыслар есапқа алынады. Жоқарыда көрсеткен талапларды бузыў менен толтырылған даўыс бериў бюллетени ҳақыйқый емес деп танылады ҳәм ондағы мәселелер бойынша берилген даўыслар есапланбайды.

Егер, даўыс бериў бюллетенинде даўысқа қойылған бир неше мәселелер болса, жоқарыда көрсетилген талаплардың бир мәселеге ямаса бир неше мәселеге байланыслы сақланбаўы, тутас алғанда даўыс бериў бюллетенине ҳақыйқый емес деп табыўға алып келмейди.

**79-статья. Даўыс бериўдиң жуўмақлары ҳаққында протокол**

Даўыс бериўдиң жуўмақлары бойынша есаплаў комиссиясы даўыс бериўдиң жуўмақлары ҳаққында протокол дүзеди, оған есаплаў комиссиясының ағзалары ямаса оның ўазыйпаларын атқарыўшы адам қол қояды. Даўыс бериўдиң жуўмақлары ҳаққында протокол дүзилгеннен ҳәм акционерлердиң улыўма жыйналысының протоколына қол қойылғаннан кейин, даўыс бериў бюллетеньлери есаплаў комиссиясы тәрепинен мөр басылып жабылады ҳәм сақлаў ушын жәмийеттиң архивине тапсырылады.

Даўыс бериўдиң жуўмақлары ҳаққында протоколды акционерлердиң улыўма жыйналысының протоколына қосылыўы тийис болады.

Даўыс бериўдиң жуўмақлары, оның барысында даўыс бериў өткерилген акционерлердиң улыўма жыйналысында жәрияланады ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысы жабылғаннан кейин, даўыс бериўдиң жуўмақлары ҳаққында есапты жәриялаў ямаса оны акционерлерге жибериў жолы менен акционерлердиң дыққатына жеткериледи.

**80-статья. Акционерлердиң улыўма жыйналысының протоколы**

Акционерлердиң улыўма жыйналысының протоколы, акционерлердиң улыўма жыйналысы жабылғаннан кейин он бес күннен кешиктирместен еки нусқада дүзиледи. Еки нусқаға да улыўма жыйналысты басқарыўшы ҳәм улыўма жыйналыстың хаткери тәрепинен қол қойылады.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы протоколында төмендегилер көрсетиледи:

акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў орны ҳәм ўақты:

жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының ийелери болған акционерлер даўысларының улыўма саны:

жыйналысқа қатнасқан акционерлер ийе болған даўыслардың саны:

жыйналысты басқарыўшы (президиумы) ҳәм хаткери, жыйналыстың күн тәртиби.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының протоколында шығып сөйлеўшилердиң сөзлериниң тийкарғы режелери, даўыс бериў ушын қойылған мәселелер ҳәм олар бойынша даўыс бериўдиң жуўмақлары, жыйналыс тәрепинен қабыл етилген шешимлер болыўы тийис.

**81-статья. Жәмийеттиң бақлаў кеңеси**

Жәмийеттиң бақлаў кеңеси, усы Нызам менен акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей бийлигине киргизилген мәселелердиң шешиминен басқа, жәмийеттиң жумысына улыўма басшылықты әмелге асырады.

Даўыс бериўши акциялардың ийелери болған акционерлердиң саны отыздан аз болған жәмийетте, жәмийеттиң уставы менен бақлаў кеңесиниң ўазыйпалары акционерлердиң улыўма жыйналысына жүклениўи мүмкин. Бул жағдайда, жәмийеттиң уставында акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў ҳаққында мәселени шешиў бийлиги тийисли болған белгили бир адам ямаса жәмийеттиң уйымы ҳаққында көрсетпе болыўы тийис.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзаларына, оларды өз миннетлерин атқарыў дәўиринде сыйлықлар төлениўи ҳәм (ямаса) бақлаў кеңесиниң ағзаларының ўазыйпаларын атқарыўға байланыслы шығынлардың орны өтелиўи мүмкин.

**82-статья. Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ўәкилликлери**

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ўәкилликлерине төмендегилер киреди:

жәмийет жумысының баслы бағдарларын белгилеў;

жәмийет акционерлериниң жыллық ҳәм гезексиз улыўма жыйналысларын шақырыў, усы Нызамның 72-статьясының он биринши бөлиминде нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди;

акционерлердиң улыўма жыйналысының күн тәртибин таярлаў;

акционерлердиң улыўма жыйналысы өткерилетуғын сәнени белгилеў;*(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

акционерлердиң улыўма жыйналысы өткерилиўи ҳаққында хабар етиўи ушын жәмийет акционерлери реестрин қәлиплестириў сәнесин белгилеў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

усы Нызамның 65-статьясы биринши бөлиминиң екинши, он екинши абзацларында нәзерде тутылған мәселелерди шешиўди акционерлердиң улыўма жыйналысына киргизиў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

акциялардың номинал баҳасын көбейтиў арқалы ямаса жәрияланған акциялардың саны ҳәм түрлери шеклеринде жәмийет тәрепинен қосымша акцияларды жайластырыў арқалы жәмийеттиң уставлық фондын көбейтиў, егер жәмийет уставына муўапық ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине муўапық бақлаў кеңесине усындай ҳуқық берилген болса; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

эмиссиялық баҳалы қағазларды жайластырыў ҳаққында шешимлер қабыл етиў, егер жәмийет уставында басқаша қағыйда нәзерде тутылмаған болса; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

мүлктиң базар баҳасын белгилеўди шөлкемлестириў; *(ҚР ЖК 30.06.2011-ж. 88/VI-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

усы Нызамда нәзерде тутылған жағдайларда жәмийет тәрепинен жайластырылған акциялар, облигациялар ҳәм басқа да баҳалы қағазларды алыў ҳаққында шешим қабыл етиў, егер жәмийет уставына муўапық ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине муўапық бақлаў кеңесине усындай ҳуқық берилген болса; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

егер жәмийеттиң жыллық бизнес жобасын тастыйықлаў жәмийет уставында бақлаў кеңесиниң ўәкиллиги шеклерине киргизилген болса ямаса бул мәселени шешиў акционерлердиң улыўма жыйналысында бақлаў кеңесине тапсырылған болса, бундай бизнес жобаны тастыйықлаў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

егер жәмийет уставында бундай лаўазымды енгизиў нәзерде тутылған болса, корпоратив мәсләҳәтшини тайынлаў; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

егер жәмийеттиң жыллық бизнес-жобасын тастыйықлаў жәмийет уставында бақлаў кеңесиниң ўәкиллигине киргизилмеген болса яки акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен бақлаў кеңесине тапсырылмаған болса, жәмийеттиң жыллық бизнес-жобасын мақуллаў. Бунда жәмийеттиң келеси жылға белгиленген бизнес-жобасы бақлаў кеңеси мәжлисинде сол жылдың 1-декабринен кешиктирилмей мақулланыўы тийис; *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

ишки аудит хызметин шөлкемлестириў ҳәм оның хызметкерлерин тайынлаў; *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

жәмийеттиң атқарыў уйымы жумысына байланыслы ҳәр қандай ҳүжжетинен еркин пайдаланыў ҳәм атқарыў уйымынан бақлаў кеңесине жүкленген ўазыйпаларды орынлаў ушын оларды алыў. Алынған ҳүжжетлерден бақлаў кеңеси ҳәм оның ағзалары тек хызмет бабында пайдаланыўы мүмкин;

егер жәмийеттиң уставында бақлаў кеңесиниң ўәкиллигине киргизилген болса, атқарыў уйымына төленетуғын төлем ҳәм компенсациялар муғдарын белгилеў;

жәмийеттиң тексериў комиссиясы ағзаларына (тексериўшисине) төленетуғын төлем ҳәм компенсация муғдары бойынша ҳәмде аудиторлық шөлкемниң хызметлерине төленетуғын төлем муғдары шегарасын белгилеў бойынша усыныслар бериў;

акциялар бойынша дивидендлер муғдары ҳәм оларды төлеў тәртиби ҳаққында усыныслар бериў;

жәмийеттиң резервлик ҳәм басқа қорларынан пайдаланыў;

жәмийеттиң басқарыў уйымларының жумыс тәртибин белгилеўши ҳүжжетлерин тастыйықлаў;

жәмийеттиң сыңар ҳәм қарамағындағы кәрханаларын дүзиў;

жәмийетке қараслы ҳәм сыңар кәрханаларын дүзиў;

усы Нызамның VIII бөлиминде нәзерде тутылған жағдайларда мүлкти алыў ҳәм мүлкти басқа шахсқа өткериўге байланыслы ири келисимлер дүзиў;

егер келисимлер дүзиўден басқа мәпдарлық пайда болатуғын болса, усы Нызамның IX бөлиминде нәзерде тутылған жағдайларда келисимлер дүзиў;

Акционерлик жәмийеттиң басқа хожалық жәмийетлерде қатнасыўы менен байланыслы келисимлер дүзиў. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

усы Нызам ҳәм жәмийет уставына муўапық бақлаў кеңеси ўәкилликлерине киргизилген басқа мәселелерди де шешиў.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ўәкилликлерине киргизилген мәселелерди шешиў ушын жәмийеттиң атқарыў уйымына өткериўи мүмкин емес».

**83-статья. Жәмийеттиң бақлаў кеңеси ағзаларын сайлаў, тайынлаў.** *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзалары усы Нызам ҳәм жәмийет уставында нәзерде тутылған тәртипте акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен бир жыллық мүддетке сайланады.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң қурамына сайланған адамлар шеклеўсиз түрде қайта сайланыўы, тайынланыўы мүмкин. Жәмийеттиң коллегиаллық ҳәм бирден-бир атқарыў уйымының ағзалары бақлаў кеңесине сайланыўы мүмкин емес. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Усы жәмийетте мийнет шәртнамасы (контракт) бойынша ислеп атырған шахслар жәмийеттиң бақлаў Кеңесиниң ағзасы болыўы мүмкин емес.

«Белгили бир жәмийетте мийнет шәртнамасы (контракт) бойынша ислеп атырған шахслар усы жәмийетиң бақлаў кеңесиниң ағзалары болыўы мүмкин емес».

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң қурамына сайланатуғын адамларға қосылатуғын талаплар устав пенен ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысы тастыйықланған шешим менен белгилениўи мүмкин.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң санлық қурамы устав пенен ямаса акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими менен усы Нызамның талапларына муўапық анықланады.

Әпиўайы (әдеттеги) ямаса басқа да даўыс бериўши акциялардың ийелери болған акционерлердиң саны бес жүзден аслам болған ашық акционерлик жәмийет ушын бақлаў кеңесиниң санлық қурамы - жети ағзадан кем болыўы, ал әпиўайы (әдеттеги) ямаса басқа да даўыс бериўши акциялардың ийелери болған акционерлердиң саны бир мыңнан аслам болған жәмийет ушын - тоғыз ағзадан кем болыўы мүмкин емес.

Акционер өзине тийисли акциялар бойынша толығы менен бир талабын ушын даўыс бериўге ямаса оларды жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзаларына бир неше талабанлар арасында бөлистириўге ҳақылы.

Ең көп даўыс топлаған талабанлар бақлаў кеңесиниң қурамына сайланған болып есапланады.

Жәмийеттиң бақлаў кеңеси ағзаларын сайлаў кумулятив даўыс бериў арқалы әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Кумулятив даўыс бериўде ҳәр бир акционерге тийисли даўыслар саны жәмийеттиң бақлаў кеңесине сайланыўы тийис болған шахслар санына көбейтиледи ҳәм акционер усы тәризде алынған даўысларды бир талабанға толық бериўге ямаса оларды еки ҳәм оннан аслам талабанлар арасында бөлистириўге ҳақылы. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Мәмлекетлик ўәкил лаўазымы бойынша жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзасы болып, акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен сайланбайды (қайта сайланбайды). *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**84-статья. Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң баслығы**

Егер жәмийеттиң уставында басқа нәрсе нәзерде тутылған болмаса жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң баслығы бақлаў кеңесиниң ағзалары тәрепинен, олардың арасынан санының көпшилик даўысы менен сайланады.

Егер жәмийеттиң уставында басқа нәрсе нәзерде тутылған болмаса жәмийеттиң бақлаў кеңеси өзиниң баслығын бақлаў кеңесиниң ағзаларының улыўма санының көпшилик даўысы менен қайта сайлаўға ҳақылы.

Егер жәмийеттиң уставында басқа нәрсе нәзерде тутылған болмаса жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң баслығы оның жумысын шөлкемлестиреди, бақлаў кеңесиниң мәжилислерин шақырады ҳәм оларды басқарады, мәжилислерде протоколдың жүргизилиўин шөлкемлестиреди, акционерлердиң улыўма жыйналысын басқарады.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң баслығы болмаған жағдайда оның ўазыйпаларын бақлаў кеңеси ағзаларының бири әмелге асырады.

**85-статья. Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң мәжилиси**

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң мәжилиси, бақлаў кеңесиниң баслығы тәрепинен оның жеке интасы бойынша, бақлаў кеңеси, тексериў комиссиясының, жәмийеттиң атқарыў уйымының, сондай-ақ, жәмийет уставы тәрепинен белгиленген басқа да адамлардың талап етиўи бойынша шақырылады. Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң мәжилисин шақырыў ҳәм оны өткериў тәртиби устав пенен белгиленеди. Бақлаў кеңесиниң мәжилисин өткериў ушын кворум жәмийеттиң уставы тәрепинен белгиленеди, бирақ бақлаў кеңесиниң сайланған ағзаларының санының жетпис бес процентинен аз болмаўы тийис. Бақлаў кеңесиниң ағзаларының саны уставта нәзерде тутылғандағы санының жетпис бес процентинен аз болып қалған жағдайда, жәмийет бақлаў кеңесиниң жаңа қурамын сайлаў ушын акционерлердиң айрықша (гезексиз) улыўма жыйналысын шақырыўға миннетли. Бақлаў кеңесиниң қалған ағзалары акционерлердиң усындай айрықша (гезексиз) улыўма жыйналысын шақырыў ҳаққында ғана шешим қабыл етиўге ҳақылы.

Егер бақлаў кеңесиниң мәжилисин шақырыў ҳәм өткериў тәртибин белгилеп беретуғын усы Нызамда, жәмийеттиң уставында басқа нәрсе нәзерде тутылған болса, жәмийеттиң бақлаў кеңесинде шешим қатнасыўшылардың көпшилик даўысы менен қабыл етиледи.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң мәжилисинде мәселелерди шешиўде бақлаў кеңесиниң ҳәр бир ағзасы бир даўысқа ийе болады.

Усы Нызамның 21-статьясының екинши ҳәм төртинши бөлимлеринде көрсетилген мәселелер бойынша шешим жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен бир аўыздан қабыл етиледи. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен мәмлекет ўәкилиниң қатнасыўысыз қабыл етилген шешимлер, сондай-ақ, вето қойылған шешимлер орынланбайды. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң бир ағзасы тәрепинен бақлаў кеңесиниң екинши ағзасына даўысты бериўге жол қойылмайды.

Бақлаў кеңеси тәрепинен шешим қабыл еткенде бақлаў кеңесиниң ағзаларының даўыслары тең болып қалған жағдайда жәмийеттиң уставында бақлаў кеңеси баслығының шешиўши даўыс ҳуқықы нәзерде тутылған болыўы мүмкин.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң мәжилисинде протокол жүргизиледи. Бақлаў кеңеси мәжилисиниң протоколы, оны өткергеннен кейин он күннен кешиктирместен дүзиледи. Мәжилистиң протоколында төмендегилер көрсетиледи:

оны өткериў орны ҳәм ўақты;

мәжилиске қатнасқан адамлар;

мәжилистиң күн тәртиби;

даўыс бериўге қойылған мәселелер, олар бойынша даўыс бериўдиң жуўмақлары;

қабыл етилген шешимлер.

Жәмийеттиң бақлаў кеңеси мәжилисиниң протоколына мәжилисте қатнасып атырған жәмийет бақлаў кеңеси ағзалары тәрепинен қол қойылады, олар протоколдың дурыслығы ушын жуўапкер болады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

### 86-статья. Жәмийеттиң атқарыў уйымы

Жәмийеттиң ағымдағы жумысына басшылық, жәмийеттиң бирден-бир атқарыў уйымы (директоры) ямаса коллегиаллық атқарыў уйымы (басқармасы, дирекциясы) тәрепинен әмелге асырылыўы мүмкин.

Бир ўақыттың өзинде бирден-бир ҳәм коллегиаллық атқарыў уйымларының болыўын нәзерде тутатуғын жәмийеттиң уставы тәрепинен, олардың ҳәр бириниң бийлиги белгиленген болыўы тийис. Бул жағдайда, жәмийеттиң бирден-бир атқарыў уйымының ўазыйпасын әмелге асырыўшы адам (директор), сондай-ақ, коллегиаллық атқарыў уйымы баслығының (басқарманың, дирекцияның) ўазыйпаларын да әмелге асырады.

Акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша жәмийеттиң атқарыў уйымының ўәкилликлери шәртнама бойынша коммерциялық шөлкемге (басқарыў шөлкемине) ямаса жеке исбилерменге (басқарыўшыға) берилиўи мүмкин. Егер уставта басқа нәрсе нәзерде тутылған болмаса, дүзилетуғын шәртнаманың шәртлери жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен тайынланатуғын атқарыў уйымы қурамына кирген шахстың ўәкилликлери мүддетинен бурын тоқтатылған жағдайда, жәмийет бақлаў кеңесиниң шешими менен белгиленген шахс оның ўазыйпаларын жәмийет акционерлериниң гезектеги улыўма жыйналысына шекем болған дәўирде ўақытша атқарып турыўына жол қойылады. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Жәмийеттиң атқарыў уйымының бийлигине, акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей бийлигине ямаса бақлаў кеңесиниң бийлигине берилген мәселелерден басқа, жәмийеттиң ағымдағы жумысына басшылық етиўдиң барлық мәселелери киреди.

Жәмийеттиң атқарыў уйымы акционерлердиң улыўма жыйналысының ҳәм бақлаў кеңесиниң шешимлерин орынлаўды шөлкемлестиреди.

Жәмийеттиң бирден-бир атқарыў уйымы (директор) жәмийеттиң атынан исеним хатсыз ҳәрекет етеди, соның ишинде оның мәплерин билдиреди, жәмийеттиң атынан келисимлер дүзеди, штатларды тастыйықлайды, жәмийеттиң барлық хызметкерлериниң орынлаўы ушын миннетли болған буйрықлар шығарады ҳәм көрсетпелер береди.

Жәмийеттиң атқарыўшы уйымларын дүзиў ҳәм олардың ўәкилликлерин мүддетинен бурын тоқтатыў, егер жәмийеттиң уставында усы мәселелерди шешиў жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ўәкилликлерине киргизилмеген болса, акционерлердиң улыўма жыйналысының яки жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң шешимине муўапық жәмийеттиң жеке басшылық тийкарындағы атқарыўшы уйымын (директорын), коллегиаллық атқарыўшы уйымы (басқармасы, дирекциясы) ағзаларын тайынлаў таңлаў тийкарында әмелге асырылыўы мүмкин.

Жәмийеттиң жеке басшылық тийкарындағы атқарыўшы уйымының (директорының), коллегиал атқарыўшы уйымы (басқармасы, дирекциясы) ағзаларының, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшының ҳуқықлары ҳәм миннетлери усы Нызам, басқа нызам ҳүжжетлери, жәмийеттиң уставы тәрепинен ҳәм олардың ҳәр бири жәмийет пенен бир жыл мүддетке дүзетуғын шәртнамада белгиленип, шәртнаманың ҳәрекет етиў мүддетин созыў (шәртнаманы қайтадан дүзиў ямаса оны тоқтатыў (бийкарлаў) мүмкинлиги ҳаққында ҳәр жылы шешим қабыл етиледи. Жәмийеттиң атынан шәртнамаға бақлаў кеңесиниң баслығы ямаса бақлаў кеңеси ўәкиллик берген шахс қол қояды. Жәмийеттиң жеке басшылық тийкарындағы атқарыўшы уйымы (директоры) менен, коллегиал атқарыўшы уйымының (басқармасы, дирекциясы) басшысы, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы менен дүзилетуғын шәртнамада олардың

акционерлик жәмийеттиң жумысы нәтийжелилигин арттырыў бойынша миннетлемелери ҳәмде акционерлердиң улыўма жыйналысы ҳәм бақлаў кеңеси алдында жәмийеттиң жыллық бизнес-жобасын орынлаў барысы бойынша беретуғын есабатларының дәўирлилиги нәзерде тутылыўы шәрт.

Жәмийеттиң жеке басшылық тийкарындағы атқарыўшы уйымына (директорына), коллегиаллық атқарыўшы уйымының (басқармасы, дирекциясы) ағзаларына төленетуғын мийнет ҳақы ҳәм басқа төлемлер муғдары, сондай-ақ басқарыўшы шөлкем ҳәм басқарыўшы хызметлерине ҳақы төлеў шәртлери жәмийет жумысының нәтийжелигине тиккелей байланыслы болып, шәртнамада белгилениўи керек»;

Жәмийеттиң бирден-бир атқарыў уйымының (директоры) ўазыйпасының ҳәм басқа шөлкемлердиң басқарыў уйымларында лаўазымның бир адам тәрепинен қоса атқарылыўына, тек бақлаў кеңесиниң келисими менен жол қойылады.

«Акционерлердиң улыўма жыйналысы ямаса бақлаў кеңеси, егер уставқа муўапық оған усындай ҳуқық берилген болса, жәмийеттиң бирден-бир атқарыўшы уйымы (директоры), коллегиаллық атқарыў уйымының (басқармасы, дирекциясы) ағзалары, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы менен дүзилген шәртнаманы олар шәртнама шәртлерин бузған жағдайда бийкарлаўға ҳақылы.»

«Бақлаў кеңеси жәмийеттиң жеке басшылық тийкарындағы атқарыў уйымы менен коллегиаллық атқарыў уйымының ағзалары, сондай-ақ басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы менен дүзилген шәртнаманы, егер шәртнаманы дүзиўде олар жәмийет уставын қопал рәўиште бузыўға жол қойған болса ямаса олардың ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) себепли жәмийетке зыян келтирилген болса, мүддетинен бурын тоқтатыў (бийкарлаў) ҳуқықына ийе.

Акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен жәмийеттиң атқарыўшы уйымының, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшының ўәкилликлерин тоқтатыў ҳаққында шешим қабыл етилген жағдайда атқарыў уйымының ўәкилликлерин басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшыға өткериў ҳаққындағы мәселе усы улыўма жыйналыстың өзинде шешилиўи ямаса атқарыў уйымы баслығының ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы шахсты да тайынлаған жағдайда, акционерлердиң жақын арадағы улыўма жыйналысында қарап шығыў ушын қалдырылыўы мүмкин. Егер жәмийеттиң атқарыў уйымын дүзиў акционерлердиң улыўма жыйналысының пүткиллей бийлигине киргизилген болса, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшының ўәкилликлерин тоқтатыў ҳаққында шешим қабыл еткен бақлаў кеңеси атқарыў уйымы басшысының ўазыйпасын ўақытша атқарыўшы шахсты тайынлаў ҳаққында шешим қабыл етеди, сондай-ақ атқарыўшы уйым ҳаққындағы мәселени шешиў ушын акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырады.»

**87-статья. Жәмийеттиң коллегиаллық атқарыў уйымы (басқарма, дирекция)**

Жәмийеттиң коллегиаллық атқарыў уйымы (басқарма, дирекция) жәмийетиниң уставы тийкарында ҳәрекет етеди.

Коллегиаллық атқарыў уйымының мәжилисинде протокол жүргизиледи. Коллегиаллық атқарыў уйымы мәжилисиниң протоколы, бақлаў кеңесиниң ҳәм тексериў комиссиясының ағзаларына, олардың талабына муўапық бериледи.

Жәмийеттиң мәжилислерин өткериўге жәмийеттиң бирден-бир атқарыў уйымының (директор) ўазыйпаларын әмелге асырыўшы адам шөлкемлестиреди, ол жәмийеттиң атынан барлық ҳүжжетлерге ҳәм коллегиаллық атқарыў уйымы мәжилисиниң протоколларына қол қояды, исеним хатсыз, оның бийлиги шеклеринде қабыл етилген коллегиаллық атқарыў уйымының шешимлерине муўапық жәмийеттиң атынан ҳәрекет етеди.

**88-статья. Жәмийеттиң бақлаў кеңеси ағзаларының, бирден-бир атқарыў уйымының (директорының) ҳәм (ямаса) коллегиаллық атқарыў уйымы (басқарма, дирекция) ағзаларының, басқарыўшы шөлкемниң ямаса басқарыўшының жуўапкершилиги**

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзалары, бирден-бир атқарыў уйымы (директоры) ҳәм (ямаса) коллегиаллық атқарыў уйымының (басқарма, дирекция) ағзалары, сондай-ақ басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы өзлериниң ҳуқықларын әмелге асырғанда ҳәм миннетлерин атқарғанда жәмийеттиң мәплеринде ҳәрекет етиўи тийис.

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзалары, бирден-бир атқарыў уйымы (директор) ҳәм (ямаса) коллегиаллық атқарыў уйымының (басқарма, дирекция) ағзалары, сондай-ақ, басқарыўшы шөлкем ямаса басқарыўшы нызамларға ҳәм жәмийеттиң уставына муўапық жәмийет алдында жуўапкер болады.

Бунда, даўыс бериўге қатнаспаған ямаса жәмийетке зыян келтириўге алып келген шешимге қарсы даўыс берген жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң коллегиаллық атқарыў уйымының (басқарма, дирекция) ағзалары жуўапкер болмайды.

Егер, усы статьяның режелерине муўапық, бир неше адам жуўапкер болған жағдайда, олардың жәмийет алдындағы жуўапкерлиги бирликтеги жуўапкерлик болады.

Жәми болып, жәмийеттиң жайластырылған әдеттеги акцияларының кеминде бир процентине ийе болған жәмийет ямаса акционер (акционерлер), жәмийетке келтирилген зыянларды өтеў ҳаққында бақлаў кеңесиниң ағзаларына, жәмийеттиң бирден-бир атқарыў уйымына (директорына), коллегиаллық атқарыў уйымының (басқарма, дирекция) ағзасына, сондай-ақ басқарыўшы шөлкемге ямаса басқарыўшыға талап қойыў менен судқа мүрәжат етиўге ҳақылы.

# VIII-Б Ө Л И М
# ЖӘМИЙЕТ ТӘРЕПИНЕН ИРИ КЕЛИСИМЛЕРДИҢ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫЎЫ

**89-статья. Жәмийет тәрепинен мүлк сатып алыў ямаса алып қойыўға байланыслы ири келисимлер**

Төмендегилер ири келисимлер болып табылады:

- жәмийет тәрепинен, усындай келисимлерди дүзиў ҳаққында шешимниң қабыл етилиў сәнесине баҳасы жәмийеттиң активлериниң баланслық баҳасының жигирма бес процентинен асламын қурайтуғын тиккелей ямаса жанапай түрде мүлктиң сатып алыныўына ямаса алып қойылыўына ямаса алып қойылыў мүмкиншилигине байланыслы дүзилген келисим ямаса өз-ара байланыслы бир неше келисимлер, буларға әдеттеги хожалық жумысын әмелге асырыў процесинде әмелге асырылған келисимлер кирмейди;

- жәмийеттиң бурын жайластырылған әпиўайы (әдеттеги) акцияларының жигирма бес процентинен асламын қурайтуғын әпиўайы (әдеттеги) акцияларға конвертацияланатуғын артықмашлық берилген акцияларды жайластырыўға байланыслы келисим ямаса бир неше өз-ара байланыслы келисимлер.

Ири келисимниң тийкары болған мүлктиң баҳасын анықлаў жәмийеттиң бақлаў кеңеси тәрепинен әмелге асырылады.

**90-статья. Жәмийет тәрепинен мүлкти сатып алыўға ямаса алып қойыўға байланыслы ири келисимлерди әмелге асырыў**

Келисимди әмелге асырыў ҳаққында шешим қабыл етиў сәнесине, оның баҳасы жәмийеттиң активлериниң баланслық баҳасының жигирма бес процентинен елиў процентине дейинги муғдарын қурайтуғын мүлк, оның тийкары болған ири келисимди әмелге асырыў ҳаққында шешим бақлаў кеңеси тәрепинен бир аўыздан қабыл етиледи, бунда бақлаў кеңесиниң шығып кеткен ағзаларының даўысы есапқа алынбайды.

Егер, ири келисимди әмелге асырыў мәселеси бойынша жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң бир аўыздан мақуллаўына ерисилмеген жағдайда, бақлаў кеңесиниң шешими бойынша ири келисимди әмелге асырыў ҳаққында мәселе акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине қойылыўы мүмкин.

Келисим дүзиў ҳаққында шешим қабыл етилип атырған сәнеде баҳасы жәмийет активлериниң баланслық баҳасының 50 процентинен артық баҳаны қурайтуғын мүлк ҳаққында ири келисим дүзиў туўралы шешим акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен қабыл етиледи. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

# IX-Б Ө Л И М
# ЖӘМИЙЕТ ТӘРЕПИНЕН КЕЛИСИМЛЕРДИҢ ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЛЫЎЫНА МӘПДАРЛЫҚ

**91-статья. Жәмийет тәрепинен келисимлердиң әмелге асырылыўына мәпдар адамлар**

Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзасы, жәмийетти басқарыўдың басқа да уйымларында лаўазымды ийелеп турған адам, өзине қосылатуғын адамы менен бирликте жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының жигирма ямаса оннан да көп процентине ийе болған акционер, егер усы көрсетилген адамлар, олардың зайыплары, ата-аналары, балалары, ағалары, инилери, апа-қарындаслары, сондай-ақ олардың барлық қосылатуғын адамлары жәмийет тәрепинен келисимниң әмелге асырылыўына мәпдар адамлар болып табылады:

-усындай келисимде бир тәреп болып табылатуғын ямаса онда ўәкил ямаса арадағы келистириўши болып қатнасыўшы адамлар;

-келисимдеги бир тәреп болған юридикалық тәрептиң акцияларының (үлеслериниң, пайдаларының) жигирма ямаса оннан да көп процентине ийе болған ямаса онда ўәкил ямаса арадағы келистириўши сыпатында қатнасыўшы адамлар;

-келисимдеги бир тәреп болған юридикалық тәрептиң басқарыў уйымларында лаўазымды ийелеп турған ямаса онда ўәкил ямаса арадағы келистириўши сыпатында қатнасып атырған адамлар.

**92-статья. Жәмийет тәрепинен келисимниң әмелге асырылыўында мәпдарлық ҳаққында мәлимлеме**

Усы Нызамның 91-статьясында көрсетилген адамлар жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң, тексериў комиссиясының (ревизордың) дыққатына төмендеги мәлимлемелерди жеткериўге миннетли:

-оларда өзлери өз алдына ямаса өзлерине қосылатуғын адам (адамлар) менен бирликте даўыс бериўши акциялардың (үлеслердиң, пайдалардың) жигирма ямаса оннан да көп процентине ийе болған юридикалық тәреплер ҳаққында;

-өзлери олардың басқарыў уйымларында лаўазымларды ийелеп турған юридикалық тәреплер ҳаққында;

-өзлери оларда мәпдар адамлар болып танылыўы мүмкин болған өзлерине мәлим болған әмелге асырылып атырған ямаса нәзерде тутылған келисимлер ҳаққында.

**93-статья. Оның әмелге асырылыўына мәпдарлық болған келисимлерди дүзиў тәртибине қойылатуғын талаплар**

Оның әмелге асырылыўында мәпдарлық болған жәмийет тәрепинен дүзилиўи ҳаққында шешим, оның әмелге асырылыўында мәпдар болмаған бақлаў кеңеси ағзаларының көпшилик даўысы менен бақлаў кеңеси тәрепинен қабыл етиледи.

Оның әмелге асырылыўында мәпдарлық болған келисимниң жәмийет тәрепинен дүзилиўи ҳаққында шешим, келисимде мәпдар болмаған акционерлердиң көпшилик даўысы менен даўыс бериўши акциялардың ийелери болған акционерлердиң улыўма жыйналысында төмендеги жағдайларда қабыл етиледи:

- егер келисим бойынша төлем муғдары ҳәм келисимниң тийкары болған мүлктиң баҳасы жәмийеттиң бес процент активлеринен артық болса;

- егер келисим ҳәм (ямаса) өз-ара байланыслы бир неше келисимлер жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларын ямаса даўыс бериўши акцияларға конвертацияланатуғын басқа да баҳалы қағазларын, бурын жайластырылған даўыс бериўши акциялардың бес процентинен артық болған санда жайластырыў болып табылса.

Егер, келисим мәпдар адам тәрепинен жәмийетке берилетуғын заем болған жағдайларда, оның әмелге асырылыўында мәпдарлық болған келисим дүзиў, усы статьяның 2-бөлиминде нәзерде тутылған акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимин талап етпейди.

Акционерлердиң улыўма жыйналысын өткериў сәнесине, жәмийет ҳәм басқа тәреп арасындағы хожалық қатнасықларын даўам етип дүзилген, оларды дүзиўде келешекте мәпдарлық пайда болыўы итимал болған келисимлерди анықлаў мүмкин болмаған жағдайда, акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен жәмийет ҳәм басқа адам арасында, әмелге асырылыўы мүмкин болған келисимлердиң сыпатын ҳәм олардың барған шектеги муғдарын көрсетиў менен шәртнамалы қатнасықлар орнатыў ҳаққында шешим қабыл етилген жағдайда усы статьяның 3-бөлиминиң талаплары орынланған болып есапланады.

Егер, жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң барлық ағзалары мәпдар адамлар деп танылған жағдайда келисим, усы келисимде мәпдар болмаған акционерлердиң көпшилик даўысы менен қабыл етилген акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша әмелге асырылыўы мүмкин.

Егер, оның әмелге асырылыўына мәпдарлық болған келисим, бир ўақыттың өзинде жәмийет тәрепинен мүлкти сатып алыў ямаса бериўге байланыслы ири келисим болып табылса, оны әмелге асырыў тәртибине усы Нызамның VIII-бөлимниң режелери қолланылады.

**94-статья. Оның әмелге асырылыўында мәпдарлық болған келисимге қойылатуғын талаплардың сақланбаўының ақыбетлери**

Оның әмелге асырылыўында мәпдарлық болған, усы Нызамның 93-статьясында нәзерде тутылған келисимге қойылған талапларды бузыў менен әмелге асырылған келисим, нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳақыйқый емес деп танылыўы мүмкин.

Мәпдар адам жәмийет алдында, өзи тәрепинен жәмийетке келтирилген зыянлар муғдарында жуўапкер болады. Егер бир неше адам жуўапкер болған жағдайда, олардың жәмийет алдындағы жуўапкерлиги бирликте болып табылады.

## Х-Б Ө Л И М
## АКЦИОНЕРЛИК ЖӘМИЙЕТТИ ҚАЙТА ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎ ҲӘМ САПЛАСТЫРЫЎ

**95-статья. Жәмийетти қайта шөлкемлестириў**

Жәмийетти қайта шөлкемлестириў-бириктириў, қосыў, бөлиў, бөлип шығарыў ҳәм қайта дүзиў түринде акционерлердиң улыўма жыйналысының шешими бойынша әмелге асырылады.

Нызам менен белгиленген жағдайларда, юридикалық тәреплерди бириктириў, қосыў ямаса қайта дүзиў түринде қайта шөлкемлестириў тек ўәкиллик берилген мәмлекетлик уйымлардың келисими менен әмелге асырылыўы мүмкин.

Жәмийет, қосыў түриндеги қайта шөлкемлестириў жағдайларынан басқа жағдайларда, жаңадан пайда болған юридикалық тәреплерди мәмлекетлик дизимге алыў ўақтынан баслап қайтадан шөлкемлестирилген болып есапланады.

Жәмийетти басқа жәмийетке қосыў жолы менен қайта шөлкемлестиргенде, олардың бириншиси мәмлекетлик дизимге алыў уйымы тәрепинен юридикалық тәреплердиң бирден-бир мәмлекетлик реестрине, қосылған жәмийеттиң жумысының тоқтатылғаны ҳаққында жазып қойылған ўақыттан баслап қайта шөлкемлестирилген болып есапланады.

Қайта шөлкемлестириў нәтийжесинде жаңадан пайда болған жәмийетлерди мәмлекетлик дизимге алыў ҳәм қайта шөлкемлестирилген жәмийетлердиң жумысының тоқтатылғаны ҳаққында жазып қойыў, нызамлар менен белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Қайта шөлкемлестириў ҳаққында шешим қабыл етиў сәнесинен баслап отыз күннен кешиктирместен, жәмийет бул ҳаққында өзиниң кредиторларына жазба түрде хабарлайды. Кредитор жәмийеттен миннетлемелерди тоқтатыўды ямаса мүддетинен бурын орынлаўды ҳәм төмендеги мүддетлерде жазба түрде хабарлаў жолы менен зыянларды өтеўди талап етиўге ҳақылы:

-жәмийет тәрепинен бириктириў, қосыў ямаса қайта дүзиў түринде қайта шөлкемлестириў ҳаққында кредиторға хабарландырыўға жиберилген сәнеден баслап отыз күннен кешиктирместен;

-жәмийет тәрепинен кредиторға бөлиў ямаса бөлип шығарыў түринде қайта шөлкемлестириў ҳаққында хабарландырыў жиберилген сәнеден баслап алпыс күннен кешиктирилместен.

Егер бөлиў балансы қайта шөлкемлестирилген жәмийеттиң ҳуқықый мийрасхорын анықлаў мүмкиншилигин бермесе, онда жаңадан пайда болған юридикалық тәреплер, оның кредиторлары алдында қайтадан шөлкемлестирилген жәмийеттиң миннетлемелери бойынша бирликте жуўапкер болады.

### 96-статья. Жәмийетти қосыў

Олардың ҳуқықлары менен миннетлерин басқа жәмийетке бериў менен бир ямаса бир неше жәмийетлердиң жумысының тоқтатылыўы-жәмийеттиң қосылыўы болып табылады.

Қосылатуғын жәмийет ҳәм оған қосылыў әмелге асырылатуғын жәмийет қосылыў ҳаққында шәртнама дүзеди, онда қосылыў тәртиби ҳәм шәртлери, сондай-ақ қосылған жәмийеттиң акцияларын жәмийеттиң акцияларына ҳәм (ямаса) басқа да баҳалы қағазларына конвертациялаў тәртиби белгиленеди. Ҳәр бир жәмийеттиң бақлаў кеңеси қосылыўға қатнасыўшысы өз жәмийетиниң улыўма жыйналысының шешимине, қосылыў түринде қайта шөлкемлестириў ҳаққында ҳәм қосылыў ҳаққында шәртнаманы тастыйықлаў туўралы мәселени киргизеди. Қосылатуғын жәмийеттиң бақлаў кеңеси акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине, сондай-ақ тапсырыў актин тастыйықлаў ҳаққында мәселени де киргизеди.

Усы көрсетилген жәмийетлер акционерлериниң бирликтеги улыўма жыйналысы уставқа өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында шешим қабыл етиледи. Акционерлердиң бирликтеги улыўма жыйналысында даўыс бериўдиң тәртиби қосылыў ҳаққында шәртнама менен белгиленеди.

Бир жәмийетти екинши жәмийетке қосқан ўақытта тапсырыў актине муўапық қосылыўшы жәмийеттиң барлық ҳуқықлары ҳәм миннетлери екинши жәмийетке өтеди.

### 97-статья. Жәмийетлерди бириктириў

Олардың жумысын тоқтатыў арқалы, еки ямаса бир неше жәмийеттиң барлық ҳуқықлары ҳәм миннетлерин оған бериў жолы менен жаңа жәмийеттиң пайда болыўы-жәмийетлерди бириктириў болып танылады.

Бириктириўге қатнасыўшы жәмийет бириктириў ҳаққында шәртнама дүзеди, онда бириктириў тәртиби ҳәм шәртлери, сондай-ақ ҳәр бир жәмийеттиң акцияларын жаңа жәмийеттиң акцияларына ҳәм (ямаса) басқа да баҳалы

қағазларына конвертациялаў тәртиби белгилеп бериледи. Ҳәр бир жәмийеттиң бақлаў кеңеслери, бириктириўге қатнасыўшысы акционерлердиң улыўма жыйналысларының шешимине бириктириў формасында қайта шөлкемлестириў ҳаққында, бириктириў ҳаққында шәртнаманы тастыйықлаў туўралы ҳәм тапсырыў актин тастыйықлаў ҳаққында мәселе қояды.

Уставқа қосымшалар ҳәм өзгерислер киргизиў усы жәмийетлер акционерлериниң бирликтеги улыўма жыйналысында өткериледи. Акционерлердиң бирликтеги улыўма жыйналысында даўыс бериў тәртиби жәмийетлерди бириктириў ҳаққында шәртнама менен белгилениўи мүмкин.

Жәмийетлерди бириктиргенде олардың ҳәр бириниң ҳуқықлары менен миннетлери тапсырыў актине муўапық пайда болған жәмийетке өтеди.

### 98-статья. Жәмийетти бөлиў

Оның ҳуқықларын ҳәм миннетлерин жаңадан дүзилип атырған жәмийетлерге бериў менен жәмийеттиң жумысының тоқтатылыўы - жәмийеттиң бөлиниўи болып танылады.

Бөлиў түринде қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийеттиң бақлаў кеңеси, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине бөлиў түринде жәмийетти қайта шөлкемлестириў, усы қайта шөлкемлестириўдиң тәртиби ҳәм шәртлери, жаңа жәмийетлер ҳәм қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийетлердиң акцияларына ҳәм басқа да баҳалы қағазларына конвертациялаўдың тәртиби ҳаққында мәселени қояды.

Бөлиў түринде қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысы, бөлиў түринде қайта шөлкемлестириў, жаңа жәмийетлер дүзиў ҳәм қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийеттиң акцияларын дүзилип атырған жәмийетлердиң акцияларына ҳәм (ямаса) басқа да баҳалы қағазларына конвертациялаў тәртиби ҳаққында шешим қабыл етеди. Ҳәр бир жаңадан дүзилип атырған жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысы оның уставын тастыйықлаў ҳәм бақлаў кеңесин сайлаў ҳаққында шешим қабыл етеди.

Жәмийетти бөлгенде, оның барлық ҳуқықлары ҳәм миннетлери, бөлиў балансына муўапық еки ямаса бир неше жаңадан дүзилип атырған жәмийетке өтеди.

### 99-статья. Жәмийетти бөлип шығарыў

Қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийеттиң жумысын тоқтатпастан оның ҳуқықлары ҳәм миннетлериниң бир бөлегин оларға бериў менен бир ямаса бир неше жәмийетлерди дүзиў-жәмийетти бөлип шығарыў болып танылады.

Бөлип шығарыў түринде қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийеттиң бақлаў кеңеси, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине бөлип шығарыў түринде жәмийетти қайта шөлкемлестириў, бөлип шығарыўды әмелге

асырыўдың тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққында, жаңа жәмийет дүзиў, акцияларды бөлип шығарылған жәмийеттиң акцияларына ҳәм (ямаса) басқа да баҳалы қағазларына конвертациялаў мүмкиншилиги ҳәм усындай конвертациялаўдың тәртиби, бөлиў балансын тастыйықлаў ҳаққында мәселени қояды.

Бөлип шығарыў түринде қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысы, бөлип шығарыў түринде жәмийетти қайта шөлкемлестириў, бөлип шығарыўдың тәртиби ҳәм шәртлери, жаңа жәмийетти дүзиў, жәмийеттиң акцияларын бөлип шығарылып атырған жәмийеттиң акцияларына ҳәм (ямаса) басқа да баҳалы қағазларына конвертациялаў тәртиби, бөлиў балансын тастыйықлаў ҳаққында шешим қабыл етеди.

Жәмийеттиң қурамынан бир ямаса бир неше жәмийетти бөлип шығарғанда, олардың ҳәр бирине, бөлиў балансына муўапық, бөлип шығарыў түринде қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийеттиң ҳуқықлары ҳәм миннетлериниң бир бөлеги өтеди.

### 100-статья. Жәмийетти қайта дүзиў

Жәмийет, нызамлар менен белгиленген талапларды сақлаў менен қәлеген басқа хожалық жәмийетти ямаса шериклиги етип қайта дүзиўге ҳақылы.

Қайта дүзилип атырған жәмийеттиң бақлаў кеңеси, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине жәмийетти қайта дүзиў, қайта дүзиўди әмелге асырыў тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққында мәселени қояды.

Қайта дүзилип атырған жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысы қайта дүзиў, қайта дүзиўди әмелге асырыўдың тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққында шешим қабыл етеди. Қайта дүзиў арқалы дүзилип атырған тәрептиң қатнасыўшылары, өзлериниң бирликтеги мәжилисинде нызамлар талапларына муўапық оның шөлкемлестириў ҳүжжетлерин тастыйықлаў ҳәм басқарыў уйымларын сайлаў (тайынлаў) ҳаққында шешим қабыл етеди.

Жәмийетти қайта дүзгенде, тапсырыў актине муўапық қайта-қайта шөлкемлестирилип атырған жәмийеттиң барлық ҳуқықларына ҳәм миннетлери жаңадан пайда болған юридикалық тәрепке өтеди.

### 101-статья. Жәмийетти сапластырыў

Жәмийетти сапластырыў, ҳуқықый мийрасқорлық тәртибинде ҳуқықлар ҳәм миннетлердиң басқа адамларға өтиўисиз оның жумысының тоқталыўына алып келеди.

Жәмийет өз ықтыяры бойынша сапластырылған жағдайда, сапластырылмақшы болған жәмийеттиң бақлаў кеңеси, акционерлердиң улыўма жыйналысының шешимине сапластырыў ҳәм сапластырыўшыны тайынлаў ҳаққында мәселе қояды. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Өз ықтыяры бойынша сапластырылып атырған жәмийет акционерлериниң улыўма жыйналысы жәмийетти сапластырыў ҳәм сапластырыўшыны тайынлаў ҳаққында шешим қабыл етеди.

*(ҚР ЖК 29.08.2007-ж. 141/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

*(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Акционерлик жәмийет судтың шешими менен сапластырылғанда, сапластырыўшыны тайынлаў нызам менен белгиленген тәртипте әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Сапластырыўшы тайынланған ўақыттан баслап жәмийет жумысларын басқарыў бойынша барлық ўәкилликлер сапластырыўшыға өтеди. Сапластырыўшы сапластырылып атырған жәмийеттиң атынан судта қатнасады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Сапластырылып атырған жәмийеттиң акционери мәмлекет болған жағдайда, сапластырыў комиссиясы тайынланады ҳәм оның қурамына мәмлекетлик мүлкти басқарыў ўәкиллиги берилген уйымның ўәкили киргизиледи. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**102-статья. Жәмийетти сапластырыў тәртиби**

Сапластырыўшы ғалаба хабар қуралларында жәмийеттиң сапластырылыўы ҳаққында, сондай-ақ оның кредиторлары тәрепинен талапларды баян етиў тәртиби ҳәм мүддетлери ҳаққында нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте дағаза береди. Кредиторлар тәрепинен талаплар қойыў ушын белгиленген мүддет жәмийеттиң сапластырылыўы ҳаққында хабар жәрияланған сәнеден баслап еки айдан кем болмаўы тийис.

Егер сапластырыў ҳаққында шешим қабыл етилген ўақытқа келип жәмийет кредиторлар алдында миннетлемелерге ийе болмаса, оның мүлки акционерлер арасында усы Нызамның 103-статьясына муўапық бөлистириледи.

Сапластырыўшы кредиторларды анықлаў ҳәм дебиторлық қарызларды алыў илажларын көреди, сондай-ақ кредиторларды жәмийеттиң сапластырылыўы ҳаққында жазба түрде хабардар етеди.

Кредиторлар тәрепинен талапларды қойыў ушын белгиленген мүддет тамамланғаннан кейин сапластырыўшы аралық сапластырыў балансын дүзеди, усы баланс сапластырылып атырған жәмийеттиң мүлкиниң қурамын, кредиторлар қойған талаплар, сондай-ақ оларды қарап шығыў нәтийжелери ҳаққында мағлыўматларды өз ишине алады. Аралық сапластырыў балансы

акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен тастыйықланады. *(ҚР ЖК 29.08.2007-ж. 141/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Егер сапластырылып атырған жәмийеттеги қолда бар ақша қаржылары кредиторлардың талапларын қанаатландырыў ушын жетерли болмаса, сапластырыўшы жәмийеттиң мүлкин суд қарарларын орынлаў ушын белгиленген тәртипте «ким зыят» саўдасында сатыўды әмелге асырады.

Сапластырылып атырған жәмийеттиң кредиторларына пул суммаларын төлеў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген гезек тәртибинде, сапластырыўшы тәрепинен аралық сапластырыў балансына муўапық, ол тастыйықланған күннен баслап әмелге асырылады.

Кредиторлар менен есапласыў тамамланғаннан кейин сапластырыўшы сапластырыў балансын дүзеди, ол акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен тастыйықланады. *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Сапластырыўшы усы статьяда нәзерде тутылған процедуралар ақырына жеткерилгеннен кейин жәмийеттиң баҳалы қағазларын айланыстан шығарыў ҳәм жәмийеттиң баҳалы қағазлары шығарылыўының мәмлекетлик дизимнен өткерилгенлигин бийкар етиў бойынша нызам нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәм мүддетлерде зәрүр илажларды әмелге асырады.

*(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**103-статья. Сапластырылып атырған жәмийеттиң мүлклерин акционерлер арасында бөлистириў**

Сапластырылып атырған жәмийеттиң кредиторлар менен есапласыўлар тамамланғаннан кейин, қалған мүлкти сапластырыўшы тәрепинен акционерлер арасында төмендегидей гезекте бөлистириледи: *(ҚР ЖК 25.04.2009-ж. 240/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

биринши гезекте, усы Нызамның 44-статьясына муўапық, сатып алыныўы тийис болған акциялар бойынша төлемлер әмелге асырылады;

екинши гезекте, артықмашлық берилген акциялар бойынша есапланған, бирақ төленбеген дивидендлер бойынша ҳәм артықмашлық берилген акциялар бойынша жәмийет уставы тәрепинен белгиленген сапластырыў баҳасы бойынша төлемлер әмелге асырылады;

үшинши гезекте, әпиўайы (әдеттеги) акциялардың ҳәм барлық түрдеги артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған акционерлер арасында сапластырылып атырған жәмийеттиң мүлклерин бөлистириў әмелге асырылады.

Ҳәр бир гезектеги мүлклерди бөлистириў оннан алдыңғы гезектеги мүлклерди толық бөлистирип болғаннан кейин әмелге асырылады.

Егер жәмийеттиң бар болған мүлки есапланған, бирақ төленбеген дивидендлерди ҳәм жәмийеттиң уставы тәрепинен белгиленген сапластырыў

баҳасын, бир түрдеги артықмашлық берилген акциялардың ийелери болған барлық акционерлерге төлеў ушын жеткиликсиз болса, онда мүлк артықмашлық берилген акциялардың усы түриниң ийелери болған акционерлер арасында оларға тийисли усы түрдеги акциялардың санына сәйкес түрде бөлистириледи.

Сырт елдиң инвесторы мүлктиң сапластырыў баҳасының өзине тийисли бөлегин белгиленген тәртипте конвертациялаўға ҳақылы.

**104-статья. Жәмийетти сапластырыў ўақты**

Мәмлекетлик дизимге алыў уйымы тәрепинен, юридикалық тәреплердиң бирден бир мәмлекетлик реестрине тийисли жазыў жазылған ўақыттан баслап жәмийетти сапластырыў тамамланған, ал жәмийет ҳәрекет етиўин тоқтатқан болып есапланады.

Юридикалық шахсларды мәмлекетлик дизимнен өткериўши уйым жәмийет сапластырылғанлығы ҳаққындағы тийисли жазыўды жәмийеттиң баҳалы қағазлары шығарылыўының мәмлекетлик дизимнен өткерилгенлиги бийкар етилгеннен кейин ғана киргизеди. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

## XI-БӨЛИМ
## ЕСАПҚА АЛЫЎ ҲӘМ ЕСАП БЕРИЎ. ҲҮЖЖЕТЛЕРДИ САҚЛАЎ. ЖӘМИЙЕТ ҲАҚҚЫНДА МӘЛИМЛЕМЕ

**105-статья. Жәмийеттиң бухгалтерлик есабы ҳәм финанслық есап бериўи**

Жәмийет нызамлар менен белгиленген тәртипте бухгалтерлик есап жүргизиўге ҳәм финанслық есап бериўге миннетли.

Жәмийетте бухгалтерлик есапты шөлкемлестириў, оның жағдайы ҳәм дурыслығы, ҳәр жылғы есапты, басқа да финанслық есапларды өз ўақтында тийисли уйымларға бериўди, сондай-ақ акционерлерге, кредиторларға ҳәм ғалаба хабар қуралларына берилетуғын жәмийеттиң жумысы ҳаққындағы мағлыўматларды шөлкемлестириў ушын нызамларға муўапық атқарыў уйымы жуўапкер болады.

Акционерлердиң улыўма жыйналысына усынылатуғын жәмийеттиң жыллық есабындағы, бухгалтерлик балансындағы, пайдалар ҳәм зыянлар бойынша есабындағы мағлыўматлардың дурыслығы жәмийеттиң тексериў комиссиясы тәрепинен тастыйықланған болыўы тийис.

Жәмийет тәрепинен усы пунктте көрсетилген ҳүжжетлерди жәриялаў алдынан, жәмийет жыллық финанс есабын ҳәр жылы тексериў ҳәм тастыйықлаў ушын жәмийет ямаса оның акционерлери менен мүлклик мәпдарлық байланысқа ийе болмаған аудиторлық шөлкемин тартыўға миннетли.

Жәмийеттиң жыллық есабы бақлаў кеңеси тәрепинен акционерлердиң жыллық улыўма жыйналысын өткериў сәнесине отыз күн қалған мүддеттен кешиктирместен алдын ала тастыйықланыўы тийис.

### 106-статья. Жәмийеттиң ҳүжжетлерин сақлаў

Жәмийет:

жәмийеттиң уставын, белгиленген тәртипте дизимге алынған, уставқа киргизилген өзгерислер ҳәм қосымшаларды, жәмийетти дүзиў ҳаққында шешимди, жәмийетти дизимге алыў ҳаққында гүўалықты;

жәмийеттиң балансында болған мүлкке оның ҳуқықларын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди;

акционерлердиң улыўма жыйналысы ҳәм жәмийетти басқарыўдың басқа да уйымлары тәрепинен тастыйықланатуғын ҳүжжетлерди;

жәмийеттиң филиалы ямаса ўәкилханасы ҳаққында режени;

жыллық финанс есабын;

акциялардың эмиссия проспектин;

бухгалтерлик есап ҳүжжетлерин;

тийисли уйымларға усынылатуғын финанслық есап ҳүжжетлерин;

акционерлердиң улыўма жыйналысларының, бақлаў кеңеси ҳәм тексериў комиссиясы және коллегиаллық атқарыў уйымы (басқарма, дирекция) мәжилислериниң протоколларын;

оларға тийисли болған акциялардың санын ҳәм түрлерин көрсетиў менен жәмийеттиң аффилленген адамларының дизимин;

орайлық дизимнен өткериўши ўазыйпасын атқарыўшы Баҳалы қағазлар орайлық депозитарийинен алынған жәмийетлер акционерлери реестрлерин; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

тексериў комиссиясының, аудитордың, мәмлекетлик финанслық қадағалаў уйымларының жуўмақларын;

жәмийеттиң уставында, жәмийетти басқарыў уйымларының шешимлери менен нәзерде тутылған басқа да ҳүжжетлер, сондай-ақ нызамлар менен нәзерде тутылған ҳүжжетлерди сақлаўға миннетли.

### 107-статья. Жәмийет тәрепинен акционерлерге мәлимлемелер берилиўи

Жәмийет, бухгалтерлик есап ҳәм жәмийетлик коллегиаллық атқарыў уйымы мәжилислериниң протоколларынан басқа усы Нызамның 106-статьясының 1-бөлиминде нәзерде тутылған ҳүжжетлердиң акционерлердиң танысыўы ушын қолай болыўын тәмийинлейди.

Акционерлердиң талап етиўи бойынша, жәмийет төлем алыў менен оған усы Нызамда нәзерде тутылған ҳүжжетлердиң көширмесин бериўге миннетли. Төлем муғдары жәмийет тәрепинен белгиленеди ҳәм ол ҳүжжетлердиң көширмесин таярлаўға және ҳүжжетлерди почта арқалы жибериўге байланыслы

шығынларды төлеўге кеткен шығынлардың баҳасынан артық болыўы мүмкин емес.

**108-статья. Мәлимлемени жәриялаў шәртлиги**

Акционерлик жәмийет нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәм мүддетлерде мәлимлемени жәрия етиўи шәрт.

Акционерлик жәмийет, соның ишинде жабық акционерлик жәмийет эмиссиялық баҳалы қағазларды ғалаба жайластырған жағдайда, бул ҳаққындағы мағлыўматты баҳалы қағазлар базарын тәртиплестириў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйым белгилеген көлемде ҳәм тәртипте жәриялаўы шәрт.

Акционерлик жәмийеттиң усы Нызамда нәзерде тутылған мәлимлемесин жәриялаўдан ғалаба хабар қураллары тәрепинен тийкарсыз рәўиште бас тартылыўына жол қойылмайды.

Мәмлекетлик мүлкке бийлик етиўге ўәкилликли уйым мәмлекетке тийисли акциялардың сатылыўы ҳаққындағы мағлыўматларды ғалаба хабар қуралларында жәриялайды. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**109-статья. Жәмийеттиң аффилленген адамлары ҳаққында мәлимлеме**

Адам, нызамларға муўапық аффилленген деп есапланады.

Жәмийеттиң аффилленген адамлары акцияларды сатып алыў сәнесинен баслап он күннен кешиктирместен, олардың санын ҳәм түрлерин көрсетиў менен жәмийеттиң өзлерине тийисли акциялары ҳаққында жәмийетке жазба түрде хабарлаўға миннетли.

Егер, усындай мәлимлеме аффилленген адамның айыбы менен берилмеўи ямаса өз ўақтында берилмеўи нәтийжесинде жәмийетке мүлклик зыян келтирген жағдайда, аффилленген адам жәмийет алдында келтирилген зыян муғдарында жуўапкер болады.

Жәмийет өзиниң аффилленген адамларының есабын жүргизиўге ҳәм нызамлар талапларына муўапық олар ҳаққында есапларды бериўге миннетли. Ашық акционерлик жәмийет аффилленген шахслар дизимин оларға тийисли акциялар саны ҳәм түрлерин көрсеткен ҳалда нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәр жылы жәриялаўы шәрт. *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

## VII-БӨЛИМ
## ЖӘМИЙЕТТИҢ ЖУМЫСЫН ҚАДАҒАЛАЎ

**110-статья. Тексериў комиссиясы**

Жәмийеттиң финанс-хожалық жумысын қадағалаўды әмелге асырыў ушын, акционерлердиң улыўма жыйналысы тәрепинен жәмийеттиң уставына муўапық тексериў комиссиясы сайланады.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясының ўәкилликлери усы Нызам ҳәм жәмийет уставы менен белгиленеди.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясының жумыс тәртиби акционерлердиң улыўма жыйналысы тастыйықлайтуғын реже менен белгиленеди.

Жәмийеттиң финанс-хожалық жумысын тексериў (ревизия) бир жылдағы ямаса басқа дәўирдеги жумысының жуўмақлары бойынша, тексериў комиссиясының интасы менен, акционерлердиң улыўма жыйналысының, бақлаў кеңесиниң шешими, ямаса жәми болып жәмийеттиң даўыс бериўши акцияларының кеминде он процентине ийе болған акционердиң (акционерлердиң) талап етиўи бойынша әмелге асырылады.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясының талап етиўи бойынша, басқарыў уйымларында лаўазымды ийелеп турған адамлар, оған финанс-хожалық жумысы ҳаққында ҳүжжетлерди бериўге миннетли.

Жәмийеттиң тексериў комисиясы, усы Нызамның 72-статьясына муўапық акционерлердиң гезексиз улыўма жыйналысын шақырыўды талап етиўге ҳақылы.

Жәмийеттиң тексериў комиссиясының ағзалары бир ўақыттың өзинде жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзалары болыўы, сондай-ақ жәмийеттиң басқарыў уйымларында басқа да лаўазымларды ийелеп турыўы мүмкин емес. Жәмийеттиң бақлаў кеңесиниң ағзаларына ямаса басқарыў уйымларында лаўазымды ийелеп турған адамларға тийисли акциялар, жәмийеттиң тексериў комиссиясының ағзаларын сайлағанда даўыс бериўге қатнасыўы мүмкин емес.

**110[1] – статья. Ишки аудит хызмети**

Активлериниң баланслық қуны бир миллиард сумнан көп болған жәмийетте ишки аудит хызмети дүзиледи. Ишки аудит хызмети жәмийеттиң бақлаў кеңесине есап береди.

Ишки аудит хызмети жәмийеттиң атқарыўшы уйымы, ўәкилханалары ҳәм филиаллары тәрепинен нызам ҳүжжетлерине, шөлкемлестириў ҳүжжетлери ҳәм басқа ҳүжжетлерге бойсыныўын, бухгалтерия есабы ҳәм финанслық есабатларда мағлыўматлардың толық ҳәмде дурыс сәўлелениўи тәмийинлениўин, хожалық операцияларын әмелге асырыўдың белгиленген қағыйдалары ҳәм тәртиплерине бойсыныўын, активлердиң сақланыўын, сондай-ақ, жәмийетти басқарыў бойынша нызам ҳүжжетлеринде белгиленген талапларға бойсыныўын тексериў ҳәм бул бойынша мониторинг алып барыў арқалы жәмийеттиң атқарыўшы уйымы, ўәкилханалары ҳәм филиалларының жумысын қадағалайды ҳәм баҳалайды.

Ишки аудит хызмети өз жумысын Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленетуғын тәртипке муўапық әмелге асырады. *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

### 111-статья. Аудиторлық шөлкеми

Аудиторлық шөлкем жәмийет пенен дүзилген шәртнамаға муўапық нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жәмийеттиң финанс-хожалық жумысын тексереди ҳәм оған аудиторлық жуўмағын усынады.

Аудиторлық шөлкем жәмийеттиң финанслық есабы ҳәм финансқа байланыслы басқа мәлимлемелер ҳаққында надурыс жуўмақ баят етилген, аудиторлық жуўмағының шығарылыўы ақыбетинде келтирилген зыян ушын жәмийет алдында жуўапкер болады.

Устав қорындағы мәмлекет үлеси елиў проценттен артық болған жәмийетлерде аудиторлық тексериў өткериў ушын аудиторлық шөлкемди таңлаў Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик мүлкти басқарыў мәмлекетлик комитети ҳәм Өзбекстан Республикасы Финанс министрлиги тәрепинен белгиленетуғын дизим бойынша таңлаў тийкарында әмелге асырылады. *(ҚР ЖК 26.12.2007-ж. 180/III-санлы-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

### 112-статья. Тексериў комиссиясының жуўмағы

Жәмийеттиң финанс-хожалық жумысын тексериўдиң жуўмақлары бойынша тексериў комиссиясы жуўмақ шығарады, онда төмендегилер болыўы тийис:

жәмийеттиң есапларындағы ҳәм басқа да финанслық ҳүжжетлериндеги мағлыўматлардың дурыслығына баҳа бериў;

финанс-хожалық жумысын әмелге асырғанда бухгалтерлик есапты жүргизиўдиң ҳәм финанслық есап бериўлердиң тәртибин, сондай-ақ, нызамларды бузыў фактлери ҳаққында мәлимлеме.

## XIII-БӨЛИМ
## ЖУЎМАҚЛАЎШЫ РЕЖЕЛЕР

### 113-статья. Акционерлердиң ҳуқықлары ҳәм мәплериниң кепилликлери

Мәмлекет акционерлердиң ҳуқықларының ҳәм нызамлы мәплериниң сақланыўына кепиллик береди, ўәкиллик берилген уйымлар арқалы акционерлердиң ҳуқықларының сақланыўын ҳәм оларды қорғаўды тәмийинлейди.

Мәмлекетлик ҳәм басқа да уйымлар тәрепинен жәмийеттиң хожалық ҳәм басқа да жумысына араласыўға жол қойылмайды. Олардың тийкарсыз ҳәрекетлерине байланыслы суд тәртибинде шағым етилиўи мүмкин.

### 114-статья. Акционерлердиң ҳуқықларын қорғаў институтлары

Акционерлердиң ҳуқықлары:

усы Нызамда белгиленген ҳәм уставта нәзерде тутылған миннетлемелерди орынлаў жолы менен эмитент (акционерлик жәмийетти басқарыў уйымлары);

нызамларға муўапық баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшылары ҳәм қор биржаларыҢ *(ҚР ЖК 28.12.2010-ж. 64/IV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

баҳалы қағазлар базары кәсиплик қатнасыўшыларының ықтыярлы бирлеспелери;

қамсызландырыў шөлкемлери;

баҳалы қағазлар базарын тәртиплестириў бойынша ўәкилликли мәмлекетлик уйым; *(ҚР ЖК 08.10.2009-ж. 251/III-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

аудиторлық шөлкемлер;

ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен қорғалады.

Акционерлер ҳәм баҳалы қағазлар базарының басқа да субъектлери арасында пайда болған даўлар суд тәртибинде шешиледи.

### 115-статья. Акционердиң ҳуқықларын қорғаў усыллары

Акционерлердиң ҳуқықларын қорғаў төмендеги жоллар менен әмелге асырылады:

ҳуқықын мойынлаў;

ҳуқықты бузылғанға дейинги болған жағдайды қайта тиклеў ҳәм ҳуқықты бузатуғын ямаса оның бузылыў қәўпин пайда ететуғын ҳәрекетлерге тыйым салыў;

келисимди ҳақыйқый емес деп таныў ҳәм оның ҳақыйқый емеслигиниң нәтийжелерин қолланыў;

ҳуқықтың өзин-өзи қорғаўы;

затлай орынлаўға уйғарыў;

зыянларды өтеў;

шәртти орынламағаны ушын жәрийма өндирип алыў;

мораллық зыянның орнын өтеў;

ҳуқықый қатнасықларды тоқтатыў ямаса өзгертиў.

Акционерлер өзлериниң нызамлы ҳуқықларын қорғаў ушын ықтыярлы тийкарда жәмийетлик бирлеспелерге бирлесиўге ҳақылы.

Акционерлердиң ҳуқықларын қорғаў нызам актлеринде нәзерде тутылған басқа да усыллар менен әмелге асырылыўы мүмкин.

### 116-статья. Мәмлекет ийелигинен шығарылатуғын кәрхана акцияларының дәслепки эмиссиясында мийнет жәмәәтлери ағзаларының ҳуқықларын қорғаў

Акционерлик жәмийет етип қайта дүзилип атырған мәмлекетлик кәрхана мийнет жәмәәти ағзаларынан акциялар сатып алыў ҳуқықларын қорғаў нызамлар менен тәмийинленеди. Мийнет жәмәәти ағзаларының арасында жайластырыўы

тийис болған акциялар бөлегиниң муғдары, ҳәр бир айқын жағдайда мәмлекет мүлкине бийлик етиў ўәкиллиги берилген уйым тәрепинен белгиленеди.

**117-статья. Баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшыларының жуўапкерлиги** *(ҚР ЖК 28.12.2010-ж. 64/IV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

Баҳалы қағазлар базарының профессионал қатнасыўшылардың, қор биржаларының ҳәм басқаларының жуўапкершилиги нызамлар менен тәртиплестириледи. *(ҚР ЖК 28.12.2010-ж. 64/IV-санлы Қарарына тийкар өзгерислер киритилген)*

**118-статья. Халық аралық шәртнамалар ҳәм келисимлер**

Егер Өзбекстан Республикасының халық аралық шәртнамалары ҳәм келисимлеринде Қарақалпақстан Республикасының нызамларында нәзерде тутылған басқа режелер белгиленген болса, онда халық аралық шәртнама ямаса келисимниң режелери қолланылады.